ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№5-6 (23.820) ● 2019 гъэм щIышылэм (январым) и 19, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр тумэнитIщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



## ЦIыхухэм къагъэсэбэпа энергием и уасэр къызэрыхахым республикэм и унафэщIыр езыр и щхьэкIэ кIэлъыплъынущ

**КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек щIышылэм и 17-м Правительствэм и унэм щригъэкIуэкIащ къагъэсэбэпа энергием и уасэр къызэрыхахымрэ кIэрыхубжьэрыхухэр зэрыдашымрэ теухуа зэIущIэ.**

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ я пащхьэ доклад нэхъыщхьэхэр щащIащ республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ министр Бэлэтокъуэ В. Хь., КъБР-м щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр Шаваев И. П., КъБР-м энергетикэмкIэ, тарифхэмкIэ, псэупIэм и IэнатIэм щыкIэлъыплъынымкIэ и министр Безниковэ И. С. сымэ.

Республикэм и унафэщIым къызэхуэсахэм яхуигъэуващ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэмкIэ иджыпсту зекIуэ тарифхэм я тэмэмагъыр, республикэм и псэупIэ-коммунальнэ комплексым хыхьэ предприятэхэр зэрызэрахьэр зэпкърахыну, ахэр къэгъэщIэрэщIэжынымкIэ ягъэува планхэм хэплъэжыну.

Хэхауэ зэпкърахащ «Газпром межрегионгаз Налшык» IуэхущIапIэм ахъшэ хуезыгъэхь системэхэм ящыщ зым и терминалхэр къагъэсэбэпурэ цIыхухэм ягъэхьа газ уасэр зэрыратыжым. КъБР-м и Правительствэм, зыхуэфащэ министерствэм хуагъэуващ мы Iуэху зэIумыбзыр икIэщIыпIэкIэ ягъэзэкIуэжыну. «ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэмрэ абыхэм законым ипкъ иткIэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ хъумэн хуейщ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм и пщэ зэрырилъхьам къыхэкIыу Бэлэтокъуэ Владимир энергиер къэзыгъэсэбэпа цIыхухэм, «Газпром межрегионгаз Налшык» зэгухьэныгъэм и унафэщIхэм, ахъшэ зэрат системэмкIэ операторым и лIыкIуэхэм яхуэзащ.

Гу зылъытапхъэ икIи икIэщIыпIэкIэ зэгугъупхъэ Iуэху куэд хэлъщ коммунальнэ кIэрыхубжьэрыхухэр зэрызэхуахьэсымрэ зэрыдашымрэ, къыхигъэщхьэхукIащ КIуэкIуэ Казбек. ЩIыналъэ операторхэр ящIыгъуу муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я администрацэхэр езыхэм я унафэм щIэт щIыналъэхэм я санитар щытыкIэм зэмыпыууэ кIэлъыплъыну, ягъэува графикхэм тету кIэрыхубжьэрыхухэр дэшыныр къызэрагъэпэщыну я къалэнщ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*



## УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ и министр Чеботарёв Сергей Налшык щохьэщIэ

**Дыгъуасэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуащ Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ и министр Чеботарёв Сергей. Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбекрэ абырэ щызэпсалъэм къаIэтащ ди щIыналъэм илъэс гъунэгъухэм къриубыдэу игъуэтыну социально-экономикэ зыужьыныгъэр зыхуэунэтIауэ щытыну лъэныкъуэхэр.**

ЗЭIУЩIЭМ апхуэдэу щыхэплъащ нэгъабэ инвестицэ проектхэр республикэм зэрыщагъэзэщIам, дызэрыт илъэсым зытелэжьэнухэм, апхуэдэу ди щIыналъэм щыIэ турист IуэхущIапIэхэм я зэфIэкIыр къэIэтыным пыщIа Iуэхухэм.

Инвестицэ программэ пыухыкIам ипкъ иткIэ нобэм ирихьэлIэу Шэджэм, Аруан, Бахъсэн районхэм предприятэ щхьэхуэхэр щаухуащ, иджыпсту жылапхъэфIхэр щагъэкI селекцэ центр зэтегъэувэным теухуа проектым йолэжьхэр.

Псалъэмакъым къызэрыхэщамкIэ, дызэрыт илъэсым и мазаем Урысейм Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ и министерствэм 2019 гъэм ягъэзэщIэну инвестицэ проектхэр къыхэхынымкIэ комиссэм и зэIущIэ щекIуэкIынущ. Абы апхуэдэу щытепсэлъыхьынущ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым зегъэужьынымкIэ къэрал программэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм игъэхьэзыра программэ къуэдзэм.

КъБР-м и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэр хэту иужькIэ къызэрагъэпэща зэIущIэм щызэпкърахащ республикэм и инвестицэ зэфIэкIым адэкIи хэгъэхъуэным ехьэлIа Iуэхухэр.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

● КъБР-м и Парламентым

## Гъатхэ лэжьэгъуэр яублэ



**КъБР-м и Парламентым и гъатхэ лэжьэгъуэр къызэрызэIуаха зэIущIэм депутатхэр щытепсэлъыхьащ цIыхухэм къагъэсэбэпа газым и уасэр кассэ терминалымкIэ зытахэм къратыжын хуейуэ Iуэху къызэрыкъуэкIам.**

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ** жиIащ республикэм и къэрал къулыкъущIапIэ псоми лэжьыгъэшхуэ зэфIагъэкIын хуейуэ къазэрыпэщылъыр.

- КъБР-м и Парламентыр зэлэжь хабзэхэр едгъэфIэкIуэн папщIэ, къэрал IуэхущIапIэ псоми дадэлэжьэн хуейщ. КъищынэмыщIауэ, сфIэкъабылщ республикэм и щIыналъэхэм щедгъэкIуэкI зэIущIэхэм пытщэну, сыту жыпIэмэ, щIыпIэхэр зыIууэ гугъуехьхэмрэ абыхэм я хэкIыпIэхэмрэ къэгъэнэIуэныр куэдкIэ абыхэм нэхъ тынш ящI, - жиIащ Егоровэм. - Мыхьэнэшхуэ зиIэхэм ящыщщ лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэнри. Абы къыхэкIыу а Iуэхухэм хухах мылъкур къызэрагъэсэбэпым ди нэIэ тедгъэтыпхъэщ. ЦIыхухэм дадэлэжьэныр, ахэр зыпэщIэт гугъуехьхэр зэрытхузэфIэкIкIэ ящыдгъэпсынщIэныр ди къалэн нэхъыщхьэщ.

Егоровэ Татьянэ къытеувыIащ мы зэманым гугъуехь нэхъыщхьэу щыIэхэм ящыщ зым - къагъэсэбэпа газым и уасэр терминалхэмкIэ зытахэм я ахъшэр зэрыпхымыкIам.

«Газпром межрегионгаз Налшык» ООО-м и унафэщI **Цыплухин Александр** зэрыжиIамкIэ, мы зэманым уасэхэр зэратар къэзымыгъэлъэгъуауэ щыIэр «Интегра Софт» IуэхущIапIэм и къудамэрщ. НэгъуэщI системэхэр къэзыгъэсэбэпахэм я ахъшэр псоми я счётым кIуащ.

- Гу лъывэзгъэтэну сыхуейт, 2018 гъэм и дыгъэгъазэм «Интегра Софт» IуэхущIапIэм и агенткIэ уасэ зытахэм я ахъшэр 2019 гъэм и щIышылэм кърахьэкIыну квитанцэхэм къыщыгъэлъэгъуауэ зэрыщымытынур, ауэ ар абонентхэм зэран яхуэхъунукъым (нэгъуэщIу жыпIэмэ, пеня, къуэды хуэдэхэр тралъхьэнукъым), - жиIащ Цыплухиным.

Абы жиIащ 8-800-100-09-04 телефон номерым псалъэмэ, цIыхухэм Iуэхум теухуауэ чэнджэщ зэрагъуэтынур. «Къэхъуар щIагъуэу пхужыIэнукъым, ауэ дыщогугъ цIыхухэм дакъыгурыIуэну», - дыщIигъуащ абы.

Егоровэ Татьянэ Iуэхур зытетыр и чэзум цIыхубэм щIрамыгъэщIам и щхьэусыгъуэм щыщIэупщIэм, Цыплухин Александр къыхигъэщащ апхуэдэ къэхъункIэ хъуну езыхэм зэрамыгугъар икIи мы зэманым ар зэрагъэзэкIуэжыр. Депутатхэр щхьэхуэу къытеувыIащ фэтэр куэду зэхэт унэхэм газ шынагъуэншагъэр къызэрыщызэрагъэпэщым, газ уасэр зэрат щIыкIэм, нэгъуэщIхэми.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ «Ухуэныгъэм, зэгъэпэщыжыныгъэм къыщагъэсэбэпыну, апхуэдэуи автомобиль гъуэгухэр зэIузэпэщ ящIын папщIэ федеральнэ бюджетым къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кърат кредитым теухуа зэгурыIуэныгъэхэм иджыри щIэ хэлъхьэнымкIэ» КъБР-м и Хабзэм и проектым.

КъБР-м и Парламентым ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу IэнатIэмкIэ и комитетым и унафэщI **Гугу Владимир** «ЦIыхухэмрэ хьэпшыпхэмрэ къезышэкI таксихэм я Iуэхутхьэбзэхэр зэрызэфIахым кIэлъыплъыныр къызэгъэпэщыным теухуауэ» КъБР-м и Хабзэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» КъБР-м и Хабзэм и проектыр щIызэхагъэувам и щхьэусыгъуэу къыхигъэщащ таксим и Iуэхутхьэбзэхэр цIыхухэм яхуэзыщIэ IуэхущIапIэхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я хуитыныгъэхэмрэ къалэн нэхъыщхьэхэмрэ абыкIэ зэрыщIагъэбыдар. А дэфтэрхэр IуэхущIапIэ зэхуэмыдэхэм Iэрагъэхьащ хагъэплъэну.

Депутатхэр тепсэлъыхьащ нэгъуэщI федеральнэ хабзэхэмрэ жэрдэмхэмрэ я проектхэм. КъБР-м и Парламентым хэмыт политикэ партхэм я лIыкIуэхэр кърагъэблэгъауэ ирагъэкIуэкIыну зэIущIэр депутатхэм траухуащ щIышылэм и 31-м.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*

● ЩIэ





## Хьэгуарэ Джамилэ японыбзэкIэ «мэпсалъэ»

**Дуней псом къыщацIыху ди лъэпкъэгъу дирижёр телъыджэ Темыркъан Юрэ и ныбжьыр илъэс 75-рэ щрикъу илъэсым, 2013 гъэм, Санкт-Петербург дэт «Скифия» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIауэ щытащ Хьэгуарэ Джамилэ «Юрий Темирканов. Монолог» зыфIища и тхылъыр.**



«Монолог» тхылъыр зи IэдакъэщIэкI Хьэгуарэ Джамилэ.

ИДЖЫ хъыбар гуапэ къытIэрыхьащ - «Монолог» тхылъым Токио щоджэ! Ар «Альфа-Бета» тхылъ тедзапIэм японыбзэкIэ къыщыдэкIащ маэстрэм и гуащIэм дихьэх зэдзэкIакIуэ Iэзэ Огавэ Кацунари и фIыгъэкIэ. Тхылъыр псом япэу а бзэм къызэрагъэтIэсар зэрымыщIэкIэ къэхъуа Iуэхукъым - Японием куэдым ирепх Темыркъаныр, Токио и оркестрхэм, езым и гупым щIыгъуу абы щит концертхэм щегъэжьауэ ныбжьэгъу куэд зэрыщиIэм деж щыщIэкIыжу.

Маэстрэм и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ теухуауэ дунейм япэу илъэситху ипэкIэ къытехьа лэжьыгъэр щIэджыкIакIуэхэм я пащхьэ зэрырахьэрэ блэкIа зэманым псы Iэджэ ежэхащ, куэдым зихъуэжащ. Ауэ зэрыщытауэ къэнащ абы и творческэ гъуэгуанэ бгъуфIэр, зэчий ин зыбгъэдэлъ Юрэ и Iэзагъэр.

Тхылъым япэу сыкъыщеджам щыгъуэ сигу ирихьауэ имыхужхэм ящыщщ Темыркъан Юрэ «зи щхьэм щымыдыхьэшхыжыф цIыхур ахьмакъщ» зэрыжиIар. Мыр-щэ! «Псэр жьы зэрымыхъумрэ Iэпкълъэпкъым и щытыкIэмрэ зэгурыбгъэIуэну егъэлеяуэ гугъущ». ЗэрымыщIалэжыр къыхигъэщми, 2018 гъэм къриубыдэу куэдым яхуэзэфIэмыкIын зрагъэхъулIэфащ Темыркъан Юрэрэ ар зи унафэщI гупымрэ - Санкт-Петербург и симфоние оркестрым къэралибгъум концерт щэщI щитащ. Дыгъэгъазэ мазэм Темыркъаным Санкт-Петербург щригъэкIуэкIащ илъэс къэс къызэрагъэпэщ «Гъуазджэхэм я утыку» дунейпсо фестивалыр.

Японием «Дыгъэ къыкъуэкIым» и орден иIэщ (и мыхьэнэкIэ къэралым щыетIуанэ дамыгъэщ), ар 2015 гъэм Темыркъаным кратащ, Токио илъэс куэд хъуауэ щригъэкIуэкI лэжьыгъэ купщIафIэм, Урысеймрэ а къэралыгъуэмрэ я цIыхухэр лъэпкъ макъамэхэмкIэ зэпэгъунэгъу щIыным хуищI хэлъхьэныгъэшхуэм къыпэкIуэу.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

## Бэчмырзэ

● Гу зылъытапхъэ

**ПащIэ Бэчмырзэ Машэ и къуэр (Къылышбийхьэблэ, иджы Нартан къуажэм, 1854 гъэм къыщалъхуащ) - къэбэрдей тхыбзэ поэзием и зэхэублакIуэщ. Езыр-езыру еджэжауэ щIэныгъэ бгъэдэлъащ. Муслъымэн диным пыщIа тхылъхэм, къуэкIыпIэ литературэм фIыуэ хищIыкIырт. И усэхэр хьэрып зэрыбыр къигъэсэбэпурэ езым зэхилъхьа IэлыфбейкIэ итхырт.**

ЗАХУАГЪЭМ и телъхьэу, жьэнахуэу, лей зылъысым къыщхьэщыжу, цIыхубэм я гум къишхыдыкI псалъэр Iурылъу псэуащ 1917 гъэм щыIа революцэм и пэкIи, абы и ужькIи. Хэкум щекIуэкI Iуэхугъуэ псоми жыджэру хэтащ.

Усэу, уэрэду пщIы бжыгъэхэр, поэмэ зыбжанэ къыщIэнат, псори зэхэту сатыр мин 14 нэблагъэу, ауэ ахэр, къанэ щIагъуэ щымыIэу, Хэку зауэшхуэм и зэманым кIуэдащ. И тхыгъэхэр зэхуэхьэсауэ («Усэхэмрэ поэмэхэмрэ») япэу къыщыдэкIар 1942 гъэрщ. ЗэкIэ къагъуэтыжа псори, вариантхэри щIыгъуу, зэрыт «Усыгъэхэр» тхылъыр 2003 гъэм дунейм къытехьащ.

***ПащIэм теухуа тхыгъэхэмрэ и усэхэмрэ ебланэ напэкIуэцIым фыкъыщеджэ.***

● Iуащхьэмахуэ щIыналъэ

## Жьапщэмрэ Iумылымрэ я зэранкIэ

**Дунейм и щытыкIэм зэрызыщихъуэжам къыхэкIыу, Iуащхьэмахуэ лъапэ екIуалIэ ток кIапсэхэр язынықъуэ щIыпIэхэм я деж къыщытIэсхъащ, зыкIэрыщIа пкъохэм ахэр яхуэмыIыгъыжу.**

АПХУЭДЭУ, Байдаевэ жылэм икIыу Терскол къуажэм кIуэ кIапсэхэм махуэ зыбжанэ ипэкIэ уэс цIынэр Iуву зэрыкIэрыпщIам къыхэкIыу, ищхьэхэмкIэ щыIэ ухуэныгъэхэм, абыхэм псэупIэхэри зыгъэпсэхупIэхэри яхэту, электрокъару ямыIэж хъуат. А махуэ дыдэм Тырныауз къыщыуа жыгышхуэм кIапсэхэр зэрыщызэпичам къыхэкIыу, а жылэм и кум щыпсэухэри токыншэу къэнат. Жьапщэмрэ Iумылымрэ я зэранкIэ, а къалэм дэт телетрансляторыр Iуачын хуей хъуати, аналог телевиденэр а щIыпIэм пIалъэ гуэркIэ щылэжьакъым.

Зэгъэпэщыжыныгъэ Iуэхухэр ирагъэкIуэкIыху, Байдаевэ, Терскол къуажэхэм щыIэ псэупIэхэмрэ Чегет, Азау, Нарзан фэхухэм ит ухуэныгъэхэмрэ токыншэу щагъэтын хуей хъуащ.

АтIэми, къыхэгъэщыпхъэщ, Бахъсэн и псыхъуащхьэм къыщыкъуэуа жьапщэмрэ къыщеха Iумылымрэ а щIыпIэм «щызэтригъэщIа» электрокIапсэхэр Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и IэщIагъэлIхэм, зэман кIэщIым къриубыдэу, зэрыщызэтрагъэувэжари токыншэу къэнауэ щыта унагъуэхэмрэ социальнэ мыхьэнэ зиIэ ухуэныгъэхэмрэ электричествэр зэрылъагъэIэсыжари.

Зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр Адылсу къуэладжэми щрагъэкIуэкI. Абы щызэфIагъэувэж ищхьэIуэкIэ щыIэ альплагерым екIуалIэ кIапсэхэр зыпыщIа пкъохэр, а щIыпIэм къыщхьэщыт Джантуган бгым къеха уэсукхъуэм зи зэран екIауэ щытахэр.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**





## «Адыгэ псалъэм» Iэ тевдзэ

**ПщIэ зыхуэтщI ди щIэджыкIакIуэхэ!**

**2019 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм я Iэ тедзэгъуэр иухащ, ауэ щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу абы фыкъыкIэрыхуамэ, ар вгъэзэкIуэжыфынущ. Апхуэдэу, «Адыгэ псалъэ» газетыр дызыхуэкIуэ мазаем къыщыщIэдзауэ ныфхуахьынущ, мы мазэм и 25 пщIондэ абы пощтхэм Iэ щыщIэвдзмэ.**

**Мазитхум ди газетым и уасэр сом 510-рэ кIэпIейкIэ 65-рэщ.**

**Ди индексыр 51531**



● КъБР-м щыIэ МВД-м

# Ромашкин Игорь журналистхэм йохъуэхъу

**КъБР-м щыIэ МВД-м Урысей Печатым и махуэм и щIыхькIэ зэIущIэ щекIуэкIащ. Республикэм къэрал кIуэцI Iуэхухэмкiэ и министр полицэм и генерал-лейтенант Ромашкин Игорь ехъуэхъуащ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лIыкIуэхэм. Абы журналистхэм щIыхь тхылъхэр яритащ, икIи фIыщIэ яхуищIащ ахэр хабзэхъумэхэм зэрыдэлажьэм папщIэ.**

- КъБР-м щыIэ МВД-м и лэжьыгъэр къызэралъытэ пщалъэ нэхъыщхьэщ цIыхухэм абы дзыхь къызэрыхуащIыр. Дэ дыхуейт Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэр республикэм къэрал кIуэцI Iуэхухэмкiэ и органхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр зыхуэдэм пэжу, нэщIысауэ щыгъуэзэну. ФIыщIэ фхуэсщIыну сыхуейщ фи IэщIагъэм фIыуэ зэрыхэфщIыкIым, ди лэжьыгъэр лъэныкъуэ псомкIи къызэщIэвубыдэу къызэрывгъэлъагъуэм папщIэ,- жиIащ министрым.

**УАРДЭ Жантинэ.**

● Лъэпкъ Iуэху

# Джылахъстэней Адыгэ Хасэм и лэжьыгъэр къапщытэж



Джылахъстэней Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Ахъсор Хьэлым и псалъэ.

**Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Джылахъстэней къудамэм и отчёт-хэхыныгъэ конференц иджыблагъэ щекIуэкIащ Тэрч къалэ. ЗэIущIэм кърихьэлIащ Тэрч район администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Семэн Пщыкъан, щIыналъэм и жылагъуэ палатэм и пашэ Iухъу Анатолэ, щIыпIэм и Iимам Къэжэр Фураждин, Джылахъстэней АХ-м къыхыхьэ къуажэ хасэхэм я тхьэмадэхэр, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Щоджэн Iэминат, нэгъуэщIхэри.**

ЖЫЛАГЪУЭ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Ахъсор Хьэлым** Хасэм и лэжьыгъэр къэпщытэжыным теухуа и къэпсэлъэныгъэм нэхъ убгъуауэ зи гугъу щищIахэм ящыщщ анэдэлъхубзэм, тхыдэм, хабзэм ехьэлIауэ щIыналъэм щрагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэр, адыгэхэм я махуэшхуэхэр гъэлъэпIэным, щIалэгъуалэм ядэлэжьэным хуэунэтIауэ къызэрагъэпэщхэр. Апхуэдэу Ахъсорым къыхигъэщащ Джылахъстэней Адыгэ Хасэм щIалэгъуалэм ядэлэжьэныр нэхъ щIэгъэхуэбжьауэ иригъэкIуэкIын зэрыхуейр. Абы ипкъ иткIэ 2019 гъэм жылагъуэ зэгухьэныгъэм гулъытэ нэхъыбэ щыхуащIынущ а Iуэхугъуэм.

**Семэн Пщыкъан** псалъэ щратым, къыхигъэщащ щIэблэр гъэсэныр иджырей зэманым нэхъ зытегузэвыхь Iуэхугъуэхэм зэращыщыр.

- Адэ-анэхэми, хасэхэми, къэрал IуэхущIапIэхэми я къарухэр зэуIу щIауэ щIалэгъуалэр адыгэ хабзэм щIэпIыкIыныр щ зэгугъун хуейр. Къапщтэмэ, еджакIуэхэм ядэлэжьэныр дэнэкIи нэхъ тэрэзу къызэгъэпэщауэ щытщ. Илъэс 22 - 35 ныбжьым итхэр нэхъ гулъытэншэу къонэ. Социальнэ и лъэныкъуэкIэ абыхэм щхьэегъэзыпIэ ямыгъуэтыным мыхъумыщIагъэ куэд кърокIуэ. Мыбыхэм яхуэгъэза лэжьыгъэр нэхъ ткIийуэ зэтеублэным мыхьэнэшхуэ иIэщ икIи Адыгэ Хасэм куэдкIэ дыщогугъ а Iуэхугъуэмкiэ, - къыхигъэщащ Семэн Пщыкъан.

Апхуэдэу Джылахъстэней Хасэм лэжьыгъэм, къапэщылъ къалэнхэм тепсэлъыхьащ **Iухъу Анатолэ**, **КIэрэф Мурат**, **Къэжэр Фураждин**, Инарыкъуей къуажэ Хасэм и тхьэмадэ **Джэрмэшыч Къазбэч** сымэ.

Конференцым кърихьэлIахэм IэIэткIэ унафэ къащтащ 2018 гъэм Джылахъстэней Хасэм и къалэнхэм мыIейуэ пэлъэщауэ къалъытэну. КъыкIэлъыкIуэну илъэсым къалэн зыщащIыжахэм ящыщщ щIалэгъуалэ форум къызэгъэпэщыныр, къуажэдэс ныбжьыщIэхэр жылагъуэ Iуэхухэм нэхъ жыджэру къыхэшэныр, тхыдэр, хабзэр, щэнхабзэр къызыхэщ махуэшхуэхэр нэхъыбэу къызэгъэпэщыныр, нэгъуэщIхэри.

**КЪЭРЭНАШЭ Мадинэ.**



● Щапхъэ

# Адыгэ хъыджэбзымрэ балъкъэр щIалэмрэ Голливудым спектакль щагъэув

**Куэдым яцIыху актёрхэу Кулиев Алимрэ Жэман Iэминэрэ иджыблагъэ спектакль гъэщIэгъуэн ягъэуващ. Stephanie Feury Studio Theatre камернэ пэш иным абыхэм утыку къыщрахьащ «ЛIэныгъэм зэпэIэщIэ дищIыху» фIэщыгъэм щIэт теплъэгъуэ. Абы и режиссёрри продюсерри Алимщ, спектаклыр ди зэманым хуэкIуэу зыгъэхьэзырар Iэминэщ.**

Я ХЪЫБАР зэрыщIэми, Кулиев Алимрэ Жэман Iэминэрэ зэи зэрихьэлIатэкъым. Фейсбукымкiэ зэрыцIыхуу, я мурадхэмкIэ зэдэгуэша иужькIэ, тегушхуэри спектаклым елэжьын щIадзащ, репетицэхэр Skype-кIэ ящIащ. ИтIанэ мазэкIэ Лос-Анджелес зыщагъэсащ. А тIум я закъуэ фIэкIа спектаклым зэрыхэмытым куэдкIэ тынш ищIырт Iуэхур.

МахуитIкIэ ягъэлъэгъуа спектаклым цIыхур пэшым щIэзу къекIуэлIащ. Абыхэм хуаIэта Iэгуауэ иным гурыIуэгъуэ ищIырт ягу зэрыдыхьар. Ди лъахэгъухэм жаIэ я спектаклыр мы гъэм Америкэм и Штат Зэгуэтхэм и щIыпIэ зыбжанэм щагъэлъэгъуэну, театр фестиваль зэмылIэужьыгъуэхэм утыку къыщрахьэну зэрамурадыр. Абыхэм къыхагъэщ я лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрми щагъэлъэгъуэну зэрыщIэхъуэпсыр, ауэ Москва е Налшык нэхърэ Голливудым уи IэдакъэщIэкIыр утыку къыщипхьэныр куэдкIэ нэхъ зэрытыншыр, сомкIи нэхъ пуду укъызэрикIыр дыщIагъуж. А лъэпощхьэпохэм илъахъэр куэдщ.

«Сэ сызэреплъымкIэ дэ тIум ди лэжьыгъэр ди зэфIэкIым и закъуэкъым зи щыхьэтыр, атIэ ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ яку дэлъ зэныбжьэгъугъэ быдэм и щапхъэщ. Ар Голливудым дызэрыщаIэтам нэхърэ куэдкIэ нэхъ лъапIэу къысщохъу», - жеIэ Жэман Iэминэ.

Кулиев Алим Америкэм и Штат Зэгуэтхэм иджы спектакль етIуанэ щегъэув - ипэкIэ спектакль зыбжанэм актёру щыджэгуащ. Абы жеIэ ди республикэм нэгъабэ къыщыхъуа лъэпкъ зэпэщIэувэныгъэм а спектаклыр игъэувынымкIэ зэрытригъэгушхуар. Iэминэрэ езымрэ я творческэ зэдэлэжьэныгъэр куэдым щапхъэ яхуэхъуну зэрыщыгугъыр. «Сэ фIыуэ къызгуроIуэ дунейр, цIыхухэр, къэрал системэр зэрысхуэмыхъуэжынур. Сэ схуэщIэнуращи, щапхъэ согъэлъагъуэ, цIыхухэр дахагъэм дызогъэхьэх. Ди республикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ зэгурыIуэныгъэ яку дэлъу зэдэпсэуным».

Алимрэ Iэминэрэ дохъуэхъу, я зэфIэкIыр нэхъыбэ хъуну. Утыку инхэм я цIэ щыжаIэу, къызыхэкIа лъэпкъхэр иджыри куэдрэ ягъэгушхуэну ди гуапэщ.

**ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.**



Жэман Iэминэрэ Кулиев Алимрэ.

● Дзюдо

# Нырыр ягу ихуркъым





**Налшык щекIуэкIащ дзюдомкIэ республикэпсо зэхьэзэхуэ зэIуха. УФ-м щIыхь зиIэ и тренер, Къэбэрдей-Балъкъэрым дзюдом и лъабжьэр щызыгъэтIылъа Ныр Сеф и фэеплъ зэпеуэм хэтащ 2007 - 2008 гъэхэм къалъхуа ныбжьыщIэхэр. Тренер цIэрыIуэм и гъэсэнхэм, КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм диIыгъыу, къызэрагъэпэща зэхыхьэм псори зэгъусэу щыбэнащ ди республикэм и щIыналъэхэмрэ Краснодар къалэмрэ щыщ спортсменхэр.**

НЫР СЕФ Дзэлыкъуэ куейм хыхьэ Къармэхьэлэ къуажэм къыщалъхуащ. И гъащIэ псори тренер лэжьыгъэм хухихащ. «Динамо»-м къыщыщIидзэри, адэкIэ «Спартак»-м щылэжьащ. Нырым и жэрдэмкIэ 1972 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэIуахащ дзюдомкIэ секцитI. Лэжьыгъэ купщIафэ щригъэкIуэкIа илъэсхэм къигъэхъуащ спортсмен щэ бжыгъэхэр. Абыхэм ящыщ куэдыр къэрал, дунейпсо утыкухэм ехъулIэныгъэшхуэхэр щызыIэрагъэхьащ.

Фэеплъ зэхьэзэхуэр къыщызэIуахым хэтащ Ныр Сеф и щхьэгъусэмрэ и пхъумрэ, КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ Анаев Аслъэн, «ТекIуэныгъэм хущIэкъуу», «Техникэ нэхъыфI къызэригъэлъэгъуам папщIэ» саугъэтхэр зыгъэува дзюдомкIэ олимп чемпион Мудрэн Беслъэн, дзюдомкIэ УФ-м и командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэ Тау Хьэсэнбий, УФ-м и цIыхухъу командэ къыхэхам и тренер нэхъыжь Гъэунэ Анзор, зи ныбжьыр илъэс 23-м нэмысахэм я гуп къыхэхам и тренер нэхъыжь Щад Мурат, дзюдомкIэ УФ-м и гуп нэхъыщхьэм и тренер нэхъыжь Хьэбэчыр Мурат, Ныр Сеф и цIэр зезыхьэ Олимп резервымкIэ спорт школым и директор Тау Сэфарбий, «Динамо» урысейпсо физкультурэ-спорт зэгухьэныгъэм КъБР-м щиIэ и къудамэм и унафэщI Джэданэ Залым, самбэмкIэ дуней псомрэ Европэмрэ я чемпион Лъыуасэ Тимур, самбэмкIэ Европэм и чемпион Мудрэн Аслъэн, Ныр Сеф и гъэсэн куэд.

Я хьэлъагъ елъытауэ пщIыуэ гуэшауэ щыта гупхэм пашэныгъэр щаубыдащ Атэбий Тамерлан (кг 29-рэ), КIуж Темырлан (32-рэ), БищIо Атхъан (кг 35-рэ), Алтуев Муслим (кг 38-рэ), Мамий Атмир (кг 42-рэ), ЦокIыл Ахьмэд (кг 46-рэ), Мамий Астемыр (кг 50), Мэшыкъуэ Инал (кг 55-рэ), БжыкIший Джамболэт (кг 60), Мырзэ Беслъэн (кг 60-м щIигъу) сымэ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

# Мы махуэхэм

**ЩIышылэм и 19,** *щэбэт*

♦**Беларусь Республикэм щагъэлъапIэ КъегъэлакIуэм и махуэр**
♦**1728 гъэм** Пётр Езанэм унафэ къищтащ Петербург икIыу Москва хэщIапIэ ищIыну икIи и блыгущIэтхэри щIыгъуу абы Iэпхъуащ.
♦**1847 гъэм** «Кавказ» газетым тридзащ Адыл-Джэрий СулътIан и «Урысшэрджэс е адыгэ псалъалъэ, грамматикэ кIэщI щIыгъуу» тхыгъэр.
♦**1942 гъэм** Дзэ Плъыжьым хуит къищIыжащ Можайск, Верея къалэхэр.
♦**1943 гъэм** Ульяновскэ областыр къызэрагъэпэщащ.
♦**1945 гъэм** советыдзэхэм Тильзит, Млавэ, Лодзь, Краков, Кошице къалэхэр хуит къащIыжащ.
♦**1955 гъэм** США-м и президент Эйзенхауэр Дуайт дунейм щыяпэу телевиденэмкIэ пресс-конференц иригъэкIуэкIащ.
♦**1965 гъэм** Май посёлкэр къалэ ящIащ.
♦**1966 гъэм** Ганди Индирэ Индием и премьер-министр къулыкъум теуващ.
♦**1991 гъэм** УФ-м Атлетикэ хьэлъэмкIэ и федерацэр къызэрагъэпэщащ.
♦**1992 гъэм** Осетие Ипщэм референдум щекIуэкIащ, Куржым къыхэмыкIыным теухуа Iуэхум унафэ тращIыхьу. Республикэм щыпсэухэм я процент 99-м Iэ яIэтащ Куржым къыгуэкIауэ Урысейм хыхьэным и телъхьэу.
♦**1996 гъэм** СНГ-м хыхьэ къэралхэм я Iэтащхьэхэм я Советым и унафэкIэ къызэрагъэпэщащ а зэгухьэныгъэм хэтхэм къэрал кIуэцI Iуэхухэмкiэ я Министрхэм я Совет.
♦США-м щыщ тхакIуэ цIэрыIуэ, усакIуэ, критик **По Эдгар** къызэралъхурэ илъэс 210-рэ ирокъу.
♦Урыс сурэтыщI Iэзэ **Серов Валентин** къызэралъхурэ илъэси 154-рэ ирокъу.
♦Совет усакIуэ цIэрыIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Исаковский Михаил** къызэралъхурэ илъэси 119-рэ ирокъу.
♦Абхъаз тхакIуэ, драматург, Абхъаз АССР-м гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Лакербай Михаил** къызэралъхурэ илъэси 118-рэ ирокъу.
♦ТхакIуэ, егъэджакIуэ Iэзэу щыта **Жылау Нурбий** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.
♦Урысей кинорежиссёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Абдрашитов Вадим** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.
♦Адыгей усакIуэ, КIэрашэ Тембот и щIыхькIэ щыIэ саугъэтым и лауреат, АР-м щIыхь зиIэ и журналист, «Адыгэ макъ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Дербэ Тимур** и ныбжьыр илъэс 45-рэ ирокъу.
♦Урысей гимнасткэ, Олимп джэгухэм тIэунейрэ щытекIуа, жылагъуэ лэжьакIуэ **Хоркинэ Светланэ** и ныбжьыр илъэс 40 ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 6, жэщым щIыIэр 1 градус щыхъунущ.

**ЩIышылэм и 20,** *тхьэмахуэ*

♦**Къырым Республикэм и махуэщ**. 1991 гъэм а щIыналъэм референдум щекIуэкIащ Къырымым и автономиер зэфIэгъэувэжыным теухуауэ. Абы къикIуам ипкъ иткIэ Украинэм и Совет Нэхъыщхьэм 1991 гъэм мазаем и 12-м «Къырым Автономнэ Совет Социалист Республикэр къызэгъэпэщыжыным и IуэхукIэ» унафэр къищтауэ щытащ.
♦**1588 гъэм** Урыс пащтыхь Фёдор Иван и къуэм Кремлым щригъэблэгъат Черкасскэхэ Темрыкъуэ и къуэ Мамсрыкъуэрэ Къамболэт и къуэ Къудэнэтрэ (зэкъуэш бынхэт).
♦**1831 гъэм** Бельгиер зэи зы къэралми и Iуэху хэмыIэбэным теухуа унафэ къащтащ
♦**1921 гъэм** Бгырыс АССР-р къэунэхуащ.
♦**1921 гъэм** Дагъыстэн автоном республикэр къызэрагъэпэщащ.
♦**1925 гъэм** СССР-мрэ Япониемрэ дипломатие зэхущытыкIэ яку дэлъыным теухуа унафэм Пекин Iэ щыщIадзащ.
♦**1944 гъэм** Великий Новгород къалэр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ. Ар бийм иIыгъащ махуэ 883-кIэ.
♦**1958 гъэм** автомобилым иIыгъ хуабжьагъыр къэзыгъэлъагъуэ япэ радархэр Лондон щагъэувауэ щытащ.
♦Италием щыщ кинорежиссёр, США-м я «Оскар» саугъэтыр тхуэнейрэ зыхуагъэфэща **Феллини Федерикэ** къызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокъу.
♦Ветеранхэм я республикэ Советым щIалэгъуалэм ядэлэжьэнымкIэ и комиссэм и унафэщI, УФ-м и Журналистхэмрэ ТхакIуэхэмрэ я зэгухьэныгъэхэм хэт, КъБР-м и ЩIыхь тхылъыр зыхуагъэфэща **Пщыбий СулътIан** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.
♦Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист **НапщIэкъуий Заур** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.
♦Совет, урысей политик, Тэтэрстаным и япэ президенту щыта **Шаймиев Минтимер** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.
♦Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Елмэс Албий** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.
♦Урысей актёр, режиссёр, фильм куэдым я сценарийхэр зытха, УФ-м и цIыхубэ артист **Хотиненкэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.
♦УэрэджыIакIуэ, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Аллегровэ Иринэ** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.
♦Философие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **КъуэщIысокъуэ Роберт** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.
♦Дуней псом самбэ бэнэкIэмкIэ тIэунейрэ и чемпион **Алъхъо Сыхьэтбий** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 6, жэщым щIыIэр градуси 4 - 3 щыхъунущ.

**ЩIышылэм и 21,** *блыщхьэ*

♦**IэплIэ зэхуэщIыным и дунейпсо махуэщ**. Ар 1986 гъэм США-м къыщыхалъхьати, абы и хъыбарыр дуней псом псынщIэу щызэлъащIысауэ, къэрал куэдым щагъэлъапIэ.
♦УФ-м и инженер дзэхэм я махуэщ. 1701 гъэм Пётр Езанэм Iэ щIидзащ къэралым щыяпэ инженер школ къызэгъэпэщыным теухуа унафэм.
♦**1918 гъэм** Адыгейм Совет властыр щагъэуващ.
♦**1924 гъэм** Ленин (Ульянов) В. И. дунейм ехыжащ.
♦**1934 гъэм** Украинэм и Компартым и XII съездым унафэ щащIащ республикэм и къалащхьэр Харьков ирахыу Киев ягъэIэпхъуэным теухуауэ.
♦**1943 гъэм** советыдзэхэм Ставрополь къалэр фашистхэм къыIэщIагъэкIыжащ.
♦**1945 гъэм** ЦIыхубэ Комиссархэм я Советым унафэ къищтащ Москва Ботаническэ хадэ къыщызэIухыным теухуауэ.
♦**1954 гъэм** дунейм щыяпэу США-м хьэзыр щыхъуащ атом псыщIагъырыкIуэ кхъухьыр.
♦**1985 гъэм** Франджым и ЛIыхъужь Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан дунейм ехыжащ.
♦Франджым щыщ дизайнер-модельер, зи IэдакъэщIэкIхэмкIэ дуней псом цIэрыIуэ щыхъуауэ щыта **Диор Кристиан** къызэралъхурэ илъэси 114-рэ ирокъу.
♦Совет къэфакIуэ, балетмейстер, СССР-м и цIыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Моисеев Игорь** къызэралъхурэ илъэси 113-рэ ирокъу.
♦Ермэлы композитор, СССР-м и цIыхубэ артист **Бабаджанян Арно** къызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.
♦КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ **ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.
♦Испанием щыщ, дуней псом щыцIэрыIуэ опернэ уэрэджыIакIуэ **Домингэ Пласидэ** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.
♦Совет, америкэ актёр, режиссёр, РСФСР-м и цIыхубэ артист **Нахапетов Родион** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.
♦УФ-м и цIыхубэ егъэджакIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор **Мэлбахъуэ Борис** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.
♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **БищIо Борис** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.
♦УФ-м и цIыхубэ артист **Харатьян Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 4, жэщым щIыIэр градуси 3 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**МафIэм псыр къегъавэ, псывэм мафIэр егъэункIыфI.**

# ГъущIыкIэ лъапIэхэр

● КъБР-м и прокуратурэм

**Налшык и транспорт прокурор Жэмыхъуэ Руслан хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, а IуэхущIапIэм Iэ щытрадзащ полицэм Прохладнэ гъущI гъуэгу станцым щиIэ къудамэм хьэлъэхэр щызэхемыгъэдыгъуэнымкIэ и гупым и опер уполномоченнэу щытар зэрагъэкъуаншэ уголовнэ Iуэхум. Ар жэуапым ирашалIэ УФ-м и УК-м и 290-нэ статьям 3-нэ Iыхьэм-кIэ (хабзэншагъэ зэрилэжьым къыхэкIыу къулыкъущIэм Iулъхьэшхуэ къыIихыныр).**

IУЭХУР щызэхагъэкIым зэрагъэбелджыламкIэ, 2018 гъэм фокIадэм и 10-м сыхьэт 14-рэ дакъикъэ 40-м Прохладнэ къалэм и «Лукойл» бензин игъэхъуапIэм тет «Лада-гранта» автомобилым исху Iулъхьэу къыIихащ сом мин 65-рэ. Ар металл фIыцIэхэр зыгъэхьэзыр икIи изыгъэкI фирмэхэм ящыщ зым и унафэщIым кърита Прохладнэ станцым металл фIыцIэхэр зыщралъхьэ вагонхэр къимыпщытэн папщIэ.

Уголовнэ Iуэхур 2019 гъэм щIышылэм и 15-м Прохладнэ район судым хуагъэхьащ хэплъэн папщIэ.

Зи гугъу тщIа щIэпхъаджагъэм хуэдэ зылэжьам илъэси 3-м къыщыщIэдзауэ илъэси 8-м нэс лъэхъуэщым исыну тезыру тралъхьэнкIэ хъунущ.

**ЦЕКЪУ ПIатI.**

# 2019 гъэм и адыгэ махуэгъэпс-щIэнгъуазэ


ПащIэ Бэчмырзэ


Акъ Мухьэрбэч


Шэру Соня


Щоджэн Iэминат


Джэдзауэ Венерэ


Мэлбахъуэ Эльберд


Крылов Иван


ШащIэ Къазбэч


Истэпан Залинэ


Уэхъутэ Абдулыхь

## ЩIЫШЫЛЭ (ЯНВАРЬ)

**ЩIышылэм и 18**

**1854 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакIуэ цIэрыIуэ **ПащIэ Бэчмырзэ**.

**1949 гъэм** къалъхуащ Абхъаз Республикэм и цIыхубэ артист, КъШР-м и цIыхубэ артист, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Акъ Мухьэрбэч**.

**ЩIышылэм и 19**

**1974 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакIуэ, КIэрашэ Тембот и щIыхькIэ щыIэ саугъэтым и лауреат, «Адыгэ макъ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Дербэ Тимур**.

**ЩIышылэм и 20**

**1939 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Елмэс Албий**.

**1959 гъэм** къалъхуащ философие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **КъуэщIысокъуэ Роберт**.

**ЩIышылэм и 23**

**1929 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ, КъБР-м и цIыхубэ артисткэ **Шэру Соня**.

**1969 гъэм** къалъхуащ Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэм я къуэдзэ, КъБКъУ-м и щIэныгъэметодикэ центрым и лэжьакIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **Щоджэн Iэминат**.

**ЩIышылэм и 25**

**Урысей студентхэм я махуэщ. Татьянэ и махуэщ.**

**1939 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Безыр Чэмал**.

**ЩIышылэм и 26**

**Таможенникым и дунейпсо махуэщ.**

**1949 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Джэдзауэ Венерэ**.

**ЩIышылэм и 29**

**1954 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артист **Думэныщ Iэулэдин**.

**ЩIышылэм и 30**

**1954 гъэм** къалъхуащ жылагъуэ лэжьакIуэ, адыгэхэм ятеухуа документальнэ фильм зыбжанэм я автор, УФ-м и Кинематографистхэм я союзым хэт **Нэгъаплъэ Аскэрбий**.

**ЩIышылэм и 31**

**1949 гъэм** къалъхуащ УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Адыгей лъэпкъ театрым и унафэщI **ХьэщIэгъуэгу Къасей**.

## МАЗАЕ (ФЕВРАЛЬ)

**Мазаем и 1**

**1829 гъэм** Нэгумэ Шорэ Налшык къыщызэIуихащ сабий нэхъ акъылыфIэхэм я школ.

**1929 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал хорыр къызэрагъэпэщащ.

**1929 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Къардэн Лъостэнбий**.

**Мазаем и 2**

**1929 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретару щыта **Джаурджий Iэбисал**.

**Мазаем и 4**

**1939 гъэм** къалъхуащ адыгэ тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мэлбахъуэ Эльберд**.

**Мазаем и 8**

**Урысей щIэныгъэм и махуэщ**

**1834 гъэм** къалъхуащ урыс химик еджагъэшхуэ **Менделеев Дмитрий**.

**Мазаем и 9**

**Стоматологым и дунейпсо махуэщ**

**Мазаем и 10**

**Дипломат лэжьакIуэм и махуэщ**

**Мазаем и 12**

**1944 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, усакIуэ цIэрыIуэ **Къэшэж Иннэ**.

**Мазаем и 13**

**1769 гъэм** къалъхуащ урыс усакIуэшхуэ **Крылов Иван**.

**1849 гъэм** къалъхуащ Кавказым и тхыдэдж, адыговед, жылагъуэ лэжьакIуэ **Щербинэ Фёдор**.

**Мазаем и 14**

**ФIыуэ зэрылъагъухэм я дунейпсо махуэщ - Валентин щихъым и махуэщ**

**1954 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Батыр Умар**.

**Мазаем и 18**

**1939 гъэм** къалъхуащ Адыгейм щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, критик, литературовед, ЩIДАА-м и академик **ШащIэ Къазбэч**.

**Мазаем и 19**

**1949 гъэм** къалъхуащ адыгэ музыковед, КъБР-м и Композиторхэм я союзым хэт **Къардэн Юлие**.

**Мазаем и 20**

**1979 гъэм** къалъхуащ «Iуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретарь, «Адыгэ псалъэ» газетым щэнхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Истэпан Залинэ**.

**Мазаем и 21**

**Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэщ**

**1949 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Нэгъуд Борис**.

**Мазаем и 22**

**1954 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и Парламентым и депутат, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Щоджэн Мартин**.

**Мазаем и 23**

**Хэкум и хъумакIуэм и махуэщ**

**Мазаем и 24**

**1909 гъэм** къалъхуащ шэрджэс тхакIуэ **Уэхъутэ Абдулыхь**.

## ГЪАТХЭПЭ (МАРТ)

**Гъатхэпэм и 1**

**Урысейм и МВД-м щыIэ эксперт-криминалистым и махуэщ**

**Гъатхэпэм и 3**

**ТхакIуэм и дунейпсо махуэщ**

**Гъатхэпэм и 4**

**1846 гъэм** «Кавказ» газетым тридзащ Къаз-Джэрий СулътIан и «Зи щIыхьыр ин къэрал тетым и деж» тхыгъэр.

**1918 гъэм** Тэрч ЦIыхубэ Республикэр къэунэхуащ.

**1949 гъэм** къалъхуащ жылагъуэ лэжьакIуэ, публицист, ЩIДАА-м и член-корреспондент, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Котляровэ Марие**.

**1969 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и юрист **Къуэшрокъуэ Залым**.

**Гъатхэпэм и 6**

**Дзэм еIэзэ дохутырым и дунейпсо махуэщ**

**1925 гъэм** «Пионерская правда» газетым и япэ номерыр къыдэкIащ.

**1929 гъэм** къалъхуащ абхъаз тхакIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Искандер Фазиль**.

**Гъатхэпэм и 7**

**1944 гъэм** ГКО-м и УнафэщI Сталин Иосиф Молотовым и цIэкIэ щыIэ колхозым и парт организацэм и секретарь **Къашыргъэ ХьэпащIэ** фIыщIэ къыхуищIащ, Дзэ Плъыжьым зэрызыщIагъэкъуам папщIэ.

**1960 гъэм** Куба щыщ жэмыш **Пащты Салимэ** Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь цIэр къыфIащащ.

**1919 гъэм** къалъхуащ адыгэ тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ **Жанэ Къырымызэ**.

**Гъатхэпэм и 8**

**ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэщ**

**1944 гъэм** балъкъэр лъэпкъыр и хэкум ирашащ.

**Гъатхэпэм и 9**

**1934 гъэм** къалъхуащ япэ космонавт, Совет Союзым и ЛIыхъужь **Гагарин Юрий**.

**1954 гъэм** къалъхуащ стIолыщхьэ теннисымкIэ СССР-м и чемпион (1971), Европэм и чемпион (1972), КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Батыр ФатIимэ**.

**Гъатхэпэм и 10**

**Урысейм и Архивхэм я махуэщ**

**1929 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Емыш Хьэлий**.

**1944 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI **Къудей МэчрэIил**.

**1939 гъэм** къалъхуащ адыгэ шхыныгъуэхэр гъэхьэзырынымкIэ инженер-технолог, «Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъыр зи IэдакъэщIэкI **Къубатий Борис**.

**Гъатхэпэм и 11**

**1991 гъэм** «Ленин гъуэгу» газетым и цIэр «Адыгэ псалъэ» жиIэу, «Коммунизмге жол»-р - «Заман»-у зэрахъуэкIащ.

**Гъатхэпэм и 13**

**1955 гъэм** ШынагъуэншагъэмкIэ Къэрал Комитет (КГБ) къызэрагъэпэщащ.

**1939 гъэм** къалъхуащ УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шумахуэ Владимир**.

**Гъатхэпэм и 14**

**Адыгэбзэм и махуэщ**

**Гъатхэпэм и 15**

**1917 гъэм** ПIалъэкIэ щыIэ Правительствэм и орган Тэрч къыщызэрагъэпэщащ.

**1934 гъэм** къалъхуащ Иорданием щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэу щыта, Хьэшимит пащтыхьыгъуэм и сенатор **Къардэн Самир**.

**1974 гъэм** къалъхуащ Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист , телеведущэ цIэрыIуэ **ТIэш Светланэ**.

**Гъатхэпэм и 20**

**1944 гъэм** Дохъушыкъуей спирт заводым, зэрагъэпэщыжа нэужь, лажьэу щIидзэжащ.

**Гъатхэпэм и 21**

**Гъэрэ щIырэ зэхэкIын щIедзэ**

**Усыгъэм и дунейпсо махуэщ**

**Кукольникым и дунейпсо махуэщ**

**Гъатхэпэм и 22**

**Псым и дунейпсо махуэщ**

**1394 гъэм** къалъхуащ узбек еджагъэшхуэ, къэрал лэжьакIуэ, узэщIакIуэ **Улугбек Мухьэмэд**.

**Гъатхэпэм и 23**

**Метеорологием и дунейпсо махуэщ**

**1730 гъэм** адыгэпщ Черкасский Алексей «Андрей Первозванный щихъым и орденыр» иратащ.

**1939 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и юрист **Абазэ Руслан**.

**Гъатхэпэм и 24**

**1959 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ЦIыпIынэ Аслъэн**.

**Гъатхэпэм и 25**

**Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ**

**Гъатхэпэм и 27**

**Театрым и дунейпсо махуэщ**

**1534 гъэм** къалъхуащ урысей зауэлI, адыгэпщ **Черкасский Къазий**.

**Гъатхэпэм и 28**

**Балъкъэр лъэпкъым и КъэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэщ**

**1957 гъэм** Балъкъэр лъэпкъым и автономиер зэфIагъэувэжащ.

**1776 гъэм** Москва Театр Иныр къыщызэIуахащ.

**1954 гъэм** къалъхуащ УФ-ми КъБР-ми щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, «Советская молодёжь» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Къардэн Мухьэмэд**.

**Гъатхэпэм и 31**

**1944 гъэм** къалъхуащ кинорежиссёр, УФ-м щIыхь зиIэ и кинематографист **Гуэбэшы Амурбэч**.

**1969 гъэм** къалъхуащ къэрал, политикэ лэжьакIуэ, хьэрычэтыщIэ, КъБР-м РегбимкIэ и федерацэм и советым и тхьэмадэ **Къуэжьокъуэ Артур**.

## МЭЛЫЖЬЫХЬ (АПРЕЛЬ)

**Мэлыжьыхьым и 1**

**Къуалэбзухэм я дунейпсо махуэщ**

**Ауанымрэ дыхьэшхэнымрэ я махуэщ**

**Мэлыжьыхьым и 2**

**Сабий тхылъым и дунейпсо махуэщ**

**Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и махуэщ**

**1911 гъэм Цагъуэ Нурий** Истамбыл адыгэбзэкIэ къыщыдигъэкIащ «Гъуазэ» газетым и япэ номерыр.

**1948 гъэм КIэрашэ Тембот** СССР-м и Къэрал саугъэтыр къратащ.

**1944 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, журналист **Абдокъуэ Iэуес**.

**Мэлыжьыхьым и 3**

**1904 гъэм** Кавказ бригадэм хыхьэ Къэбэрдей сотняр къызэрагъэпэщащауэ щытащ.

**Мэлыжьыхьым и 4**

**1933 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакIуэхэм я оргбюро къызэрагъэпэщащ.

**1949 гъэм** къалъхуащ къэрал, политикэ лэжьакIуэ, Абхъаз Республикэм и етIуанэ Президент, АР-м и ЛIыхъужь **Бэгъэпщ Сергей**.

**Мэлыжьыхьым и 5**

**1905 гъэм** Алъхъуей (Курп Ищхъэрэ) къуажэм и мэкъумэшыщIэхэм зыкъаIэтащ.

**1943 гъэм** ВКП(б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и бюром унафэ къищтащ Бахъсэн ГЭС-р зэфIэгъэувэжыным теухуауэ.

**1943 гъэм** Налшык дэт дагъэ завод №1-р зэфIагъэувэжащ.

**Мэлыжьыхьым и 6**

**1896 гъэм** Афинхэм япэ Олимп Джэгухэр къыщызэIуахауэ щытащ.

**1929 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Бэчыжь Мухътар**.

**1939 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и япэ вице-президенту щыта **Бырсыр Батырбий**.

**Мэлыжьыхьым и 7**

**Узыншагъэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**

**Мэлыжьыхьым и 9**

**1954 гъэм** къалъхуащ генерал-лейтенант, Къайсэр вилайетым (Тырку Республикэ) и губернатору щыта **Нихьэт (Яхэгуауэ) Джамбулэт**.

**1964 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм и унафэщI, дин лэжьакIуэ **Дзасэжь Хьэзрэталий**.

**Мэлыжьыхьым и 10**

**1945 гъэм Иуан Хьэсэн** Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр къыфIащащ.

**1964 гъэм** «КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ», «КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КъБР-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ» цIэ лъапIэхэр ягъэуващ.

**Мэлыжьыхьым и 12**

**Авиацэмрэ космонавтикэмрэ я дунейпсо махуэщ**

**1961 гъэм Гагарин Юрий** «Восток» кхъухьым ису дунейм щыяпэу хьэршым лъэтащ.

**1929 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIумыхъу Жылэбий**.

**Мэлыжьыхьым и 13**

**1517 гъэм** Каир щхьэпылъэ щащIащ мамлюкыдзэм и дзэпщ, адыгэ сулътIан Ал-Ашраф Тумэн-бей.

**1895 гъэм** Къэрал Урыс музейр къызэIуахащ.

**Мэлыжьыхьым и 15**

**1395 гъэм** Тамерланрэ Тохъутэмыщрэ Тэрч и деж щызэзэуащ.

**1934 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Слъон Лудин**.

**Мэлыжьыхьым и 17**

**1929 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, РСФСР-м щIыхь зиIэ и машинэухуэ **Ахъуэхъу Анатолэ**.

**Мэлыжьыхьым и 18**

**Фэеплъхэмрэ тхыдэ мыхьэнэ зиIэ щIыпIэхэмрэ я дунейпсо махуэщ**

**1970 гъэм** Балэ Мухьэдинрэ Къардэн Хьэсэнрэ «Мадинэ» япэ адыгэ оперэр ягъэуващ.

**Мэлыжьыхьым и 19**

**1929 гъэм** къалъхуащ литературовед, филологие щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, УФ-ми АР-ми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик **Щхьэлахъуэ Iэбубэчыр**.

**Мэлыжьыхьым и 20**

**1937 гъэм** Прохладнэ станицэр къалэ хъуащ.

**1949 гъэм** къалъхуащ КъБР-мрэ КъШР-мрэ я цIыхубэ усакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Ацкъан Руслан**.

**Мэлыжьыхьым и 21**

**Урысейм и щIыпIэ самоуправленэм и махуэщ**.

**1920 гъэм** Налшык цIыхубэ хозяйствэм и щIыналъэ совет къыщызэрагъэпэщащ.

**1921 гъэм** Налшык хэку музей къыщызэIуахащ.

**Мэлыжьыхьым и 22**

**ЩIым и экологием и махуэщ**

**Мэлыжьыхьым и 23**

**Тхылъымрэ авторым и хуитыныгъэхэмрэ я дунейпсо махуэщ**

**Мэлыжьыхьым и 24**

**ЩIалэгъуалэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ**

**Мэлыжьыхьым и 25**

**Адыгэ ныпым и махуэщ**

**1920 гъэм** Налшык япэ мединицнэ IуэхущIапIэ къыщызэIуахащ.

**1944 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артист, пшынауэ Iэзэ **Къуэдз Iэбубэчыр**.

**1954 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, къэрал лэжьакIуэ, политик **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**.

**Мэлыжьыхьым и 26**

**Радиацэм и зэранкIэ дунейм ехыжахэм я фэеплъ махуэщ**

**Мэлыжьыхьым и 27**

**Ветеринар дохутырым и дунейпсо махуэщ**

**Благъэ зэхуэхъуа къалэхэм я дунейпсо махуэщ**

**Мэлыжьыхьым и 29**

**Къафэм и дунейпсо махуэщ**

**1942 гъэм** Къардэн Къубатий Ленин орден етIуанэу кърatащ.

**1964 гъэм** ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щагъэуващ «Лалуцэ» япэ адыгэ балетыр.

**Мэлыжьыхьым и 30**

**УФ-м и мафIэсгъэункIыфIхэм я махуэщ**

**1789 гъэм** США-м и япэ президентыр хахащ. Ар Вашингтон Джорджщ.

**1949 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Дзу Руслан**.

## НАКЪЫГЪЭ (МАЙ)

**Накъыгъэм и 1**

**Гъатхэмрэ лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэщ**

**1929 гъэм** Малэ-Къэбэрдей псыщIэгъэлъадэр яутIыпщащ.

**1941 гъэм** Налшык сабий стадион къыщызэIуахащ.

**1934 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Урыс Мухьэзир**.

**1954 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакIуэ **Жыкъуэ Гъумар**.

**Накъыгъэм и 2**

**1920 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым япэ щэбэт щIыхьэху щекIуэкIащ.

**1934 гъэм** Налшык Пионерхэм я унэ къыщызэIуахащ.

**1939 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, УФ-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мекъул ДжэбрэIил**.

**Накъыгъэм и 3**

**Печатым и хуитыныгъэхэм я дунейпсо махуэщ**

**Дыгъэм и махуэщ**

**Накъыгъэм и 4**

**1959 гъэм** Налшык газ къашэу щIадзащ.

**2010 гъэм** УФ-м и Президентым и УказкIэ Налшык «Дзэ щIыхьым и къалэ» цIэ лъапIэр къыфIащащ.

**Накъыгъэм и 5**

**1909 гъэм** къалъхуащ этнолог, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Лавров Леонид**.

**1939 гъэм** къалъхуащ философие щIэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор **Нэхущ Владимир**.

**Накъыгъэм и 6**

**1939 гъэм** Налшык шыгъэжапIэ къыщызэIуахащ.

**1949 гъэм** къалъхуащ абазэ усакIуэ, КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ **Мхъыцэ Керим**.

**Накъыгъэм и 7**

**Радиом, связым и IэнатIэ псоми я лэжьакIуэхэм я махуэщ**

**1895 гъэм** урыс инженер Попов Александр япэ радиоприемник къигупсысащ.

**1927 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и япэ нэтынхэм щIидзащ.

**1985 гъэм** Налшык Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ.

**1990 гъэм** КъБР-м и «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

**1954 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къудей Владимир**.

**Накъыгъэм и 8**

**1945 гъэм** фашист Германием псалъэмакъыншэу зыкъызэритымкIэ актым Iэ традзащ.

**Накъыгъэм и 9**

**ТекIуэныгъэм и махуэщ**

**1945 гъэм** «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм Германием зэрыщытекIуам папщIэ» медалыр ягъэуващ.

**1945 гъэм** советыдзэхэм Чехословакием и щыхьэр Прагэ хуит къащIыжащ.

**Накъыгъэм и 10**

**1929 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ХьэIупщы Лолэ**.

**1944 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и къэрал лэжьакIуэ, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, АППЭР-м и академик, УФ-м псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Щоджэн Мухьэмэд**.

**Накъыгъэм и 12**

**Медицинэ сестрахэм я дунейпсо махуэщ**

**1954 гъэм** Налшык политехникэ техникум къыщызэIуахащ.

**Накъыгъэм и 13**

**1924 гъэм** къалъхуащ Урысейм и ЛIыхъужь, ПсэукIэ Дахэ шэрджэс къуажэм щыщ зауэлI **Къардэн Уэхьид**.

**1969 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, УФ-м и драматургхэм я зэпеуэм и лауреат **Къаныкъуэ Заринэ**.

**Накъыгъэм и 15**

**Унагъуэм и дунейпсо махуэщ**

**1942 гъэм** 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр лъэпкъ шууей дивизэр зауэм Iухьащ.

**1914 гъэм** къалъхуащ театр режиссёр, РСФСР-м гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, АР-м и цIыхубэ артист **АхъуэджакIуэ Мэжид**.

*(КIэлъыкIуэр 4-нэ нап.)*


Абазэ Руслан


ЦIыпIынэ Аслъэн


Цагъуэ Нурий


КIэрашэ Тембот


Бэгъэпщ Сергей


Бырсыр Батырбий


Иуан Хьэсэн


Ахъуэхъу Анатолэ


Щхьэлахъуэ Iэбубэчыр


Ацкъан Руслан


Къуэшрокъуэ Залым


Искандер Фазиль


Пащты Салимэ


Жанэ Къырымызэ


Гагарин Юрий


Емыш Хьэлий


Шумахуэ Владимир


ТIэш Светланэ


Къардэн Самир


Щхьэгъэпсо Сэфарбий


Хьэлущы Лолэ


Щоджэн Мухьэмэд


Къаныкъуэ Заринэ


Акъсырэ Залымхъан


Къалмыкъ Юрий


Адыл (Гугъэв) Джандемыр


Бэчыжь Лейлэ


Тхьэгъэпс Мэжид


Къудей Лидэ


Пушкин Александр

# 2019 гъэм и адыгэ махуэгъэпс-щIэнгъуазэ

*(КIэлъыкъуэ. ПэщIэдзэр 3-нэ нап).*

**1919 гъэм** къалъхуащ драматург, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Акъсырэ Залымхъан**.

__Накъыгъэм и 16__

**1954 гъэм** Налшык къыщызэIуахащ украин тхакIуэ Вовчок Маркэ и фэеплъ сын.

__Накъыгъэм и 18__

**Музейхэм я дунейпсо махуэщ**

**1925 гъэм** Адыгэ Республикэм и лъэпкъ музейр къызэIуахащ.

__Накъыгъэм и 19__

**1985 гъэм** Налшык къыщызэIуахащ Сабий творчествэм и унэ.

**1991 гъэм** Налшык къыщызэIуахащ Къэбэрдей лъэпкъым и япэ конгресс. Абы и япэ тхьэмадэу хахащ **Къалмыкъ Юрий Хьэмзэт и къуэр**.

__Накъыгъэм и 20__

**1875 гъэм** Париж къыщащтащ метр, литр, килограмм пщалъэхэр.

**1939 гъэм** «КъБР-м и цIыхубэ артист», «КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэхэр ягъэуващ.

**1974 гъэм** къалъхуащ «Черкес хэку» газетым жэуап зыхь и секретарь **Абдокъуэ Лусанэ**.

__Накъыгъэм и 21__

**Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 155-рэ ирокъу**

**Урыс-Кавказ зауэм (1763 - 1864) хэкIуэда адыгэхэм я фэеплъ махуэщ**

**2004 гъэм** Налшык къыщызэIуахащ Кавказ зауэм хэкIуэда адыгэхэм я фэеплъ сын.

__Накъыгъэм и 22__

**Биологие зэмылIэужьыгъуэм и дунейпсо махуэщ**

**1914 гъэм** къалъхуащ тырку спортым и лэжьакIуэ, Европэм и чемпион, Олимп Джэгухэм бэнэкIэ хуитымкIэ дыжьын медаль къыщызыхьа (1948) **Адыл (Гугъэв) Джандемыр**.

__Накъыгъэм и 24__

**Славян тхыбзэмрэ щэнхабзэмрэ я махуэщ**

__Накъыгъэм и 25__

**УФ-м и школхэм иужьрей уэзджынэр къыщоуэ**.

__Накъыгъэм и 26__

**Урысей хьэрычэтыщIэм и махуэщ**

**1995 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академиер (иджы университетщ) къызэIуахащ.

**1904 гъэм** къалъхуащ археолог, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Ленин саугъэтым и лауреат, КъБАССР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Крупнов Евгений**.

__Накъыгъэм и 27__

**Библиотекэхэм я урысейпсо махуэщ**

**1703 гъэм** Санкт-Петербург ухуэн щIадзащ.

**1795 гъэм** Урысейм цIыху куэд зэуэ зэкIуалIэ хъун библиотекэ къыщызэIуахащ.

__Накъыгъэм и 28__

**Гъунапкъэхъумэм и махуэщ**

**1923 гъэм** Адыгейм и профсоюзхэр къызэрагъэпэщащ.

**1928 гъэм** Мейкъуапэ къыщызэIуахащ Адыгейм и тхылъ тедзапIэ.

__Накъыгъэм и 29__

**1929 гъэм** къалъхуащ литературовед, критик цIэрыIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и вице-президент, Къэрэшей-Шэрджэсым и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и гуащэ **Бэчыжь Лейлэ**.

**1964 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, усакIуэ **Абдокъуэ Маринэ**.

__Накъыгъэм и 30__

**1431 гъэм** Руан къалэм и утыкушхуэм щагъэсащ Жаннэ д,Арк.

__Накъыгъэм и 31__

**Урысей адвокатурэм и махуэщ**

**1929 гъэм** къалъхуащ контр-адмирал **Тхьэгъэпс Мэжид**.

МЭКЪУАУЭГЪУЭ (ИЮНЬ)

__Мэкъуауэгъуэм и 1__

**Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**

**1921 гъэм** «Кабардино-Балкарская правда» газетым и япэ номерыр къыдэкIащ.

**1924 гъэм** «Адыгэ псалъэ», «Заман» газетхэм я япэ номерхэр къыдэкIащ.

__Мэкъуауэгъуэм и 2__

**1928 гъэм** Налшык тхылъ тедзапIэ къыщызэIуахащ.

**1962 гъэм** Новочеркасск щызэтраукIащ я гукъеуэхэр жаIэну уэрамым къыдыхьа цIыху мамырхэр.

__Мэкъуауэгъуэм и 3__

**1943 гъэм** Налшык лы комбинатыр зэфIэгъэувэжын яухащ.

__Мэкъуауэгъуэм и 4__

**Бийр къащытеуам хэкIуэда сабийхэм я дунейпсо махуэщ**

**1856 гъэм** Третьяковскэ галерееր къызэIуахащ.

**1943 гъэм** Налшык щекIуэкIащ фашистхэм я бийуэ республикэм и цIыхубзхэм къызэрагъэпэща пэкIур.

__Мэкъуауэгъуэм и 5__

**Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным и дунейпсо махуэщ**

**Экологым и махуэщ**

**1949 гъэм** къалъхуащ радиожурналист **Къудей Лидэ**.

__Мэкъуауэгъуэм и 6__

**Пушкин Александр и махуэщ**

**Урысыбзэм и махуэщ**

**1799 гъэм** урыс усакIуэшхуэ **Пушкин Александр** къалъхуащ.

**1944 гъэм** етIуанэ фронтыр къызэIуахащ.

**1945 гъэм** «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм и къару емыблэжу зэрылэжьам папщIэ» медалыр ягъэуващ.

**1939 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакIуэ, прозаик, СССР-м цIыхубэ егъэджэныгъэмкIэ и отличник **Апажэ Ахьмэд**.

__Мэкъуауэгъуэм и 7__

**1936 гъэм** КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ и республикэ комитет къызэрагъэпэщащ.

__Мэкъуауэгъуэм и 8__

**Урысейм и социальнэ лэжьакIуэм и махуэщ**

**1661 гъэм** Идар Темрыкъуэ и къуэрылъху **Черкасский Муцал** дунейм ехыжащ.

**1943 гъэм** Налшык фашистхэм я бийуэ интеллигенцэм и пэкIу щекIуэкIащ.

__Мэкъуауэгъуэм и 9__

**1883 гъэм** Москва тхыдэ музей къыщызэIуахащ.

**1935 гъэм** Iуащхьэмахуэ и щыгум япэ дыдэу гупышхуэ дэкIащ.

**1949 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Чым Агнессэ**.

**1964 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэм я доктор, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и член-корреспондент **Блахъуэ Хьэзрэт**.

__Мэкъуауэгъуэм и 10__

**1774 гъэм** Урысеймрэ Тыркумрэ зэращIылIащ Кючук-Кайнарджи мамыр зэгурыIуэныгъэр. Абы ипкъ иткIэ, Къэбэрдейр Урысейм и зы Iыхьэу къалъытащ.

**1936 гъэм** «Союзмультфильм» киностудиер къызэрагъэпэщащ.

**1955 гъэм** Тырныаузрэ Докшукинэрэ къалэ хъуащ.

**1949 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Инарокъуэ Аллэ**.

**1959 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, УФ-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бэчыжь ФатIимэ** (КъШР).

__Мэкъуауэгъуэм и 11__

**1939 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **ДыщэкI ФатIимэт**.

__Мэкъуауэгъуэм и 12__

**Урысей Федерацэм и Къэрал махуэшхуэщ**

**1942 гъэм** Зеикъуэ къуажэм къагъэIэпхъуащ Ленинград хамэ къэралыбзэхэр щаджу дэт пединститутыр.

**1990 гъэм** Урысей Федерацэм и Къэрал суверенитетым и Декларацэр къащтащ.

**1990 гъэм** «Печатымрэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмрэ ятеухуауэ» Законыр СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм къищтащ. Абы цензурэр игъэкIуэдыжащ.

**1939 гъэм** къалъхуащ драматург, АР-м и цIыхубэ артист, УФ-ми КъБР-ми щIыхь зиIэ я артист **Мурат Чапай**.

__Мэкъуауэгъуэм и 13__

**1936 гъэм** Къэбэрдей лъэпкъ драмэ театрыр къызэIуахащ.

__Мэкъуауэгъуэм и 14__

**1936 гъэм** КъБАССР-м гъуазджэхэмкIэ и IуэхущIапIэ къызэрагъэпэщащ.

**1964 гъэм** къалъхуащ дунейпсо класс зиIэ спортым и мастер, пауэрлифтингымкIэ дуней псом плIэнейрэ щытекIуа, Европэм щэнейрэ и чемпионкэ **Танокъуэ Екатеринэ**.

**1964 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакIуэ, журналист **Хьэщыкъуей Олег**.

__Мэкъуауэгъуэм и 15__

**1561 гъэм** Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ (Марие) и дэлъху Думэныкъуэ, и шыпхъу Алътыншаш, абы и щхьэгъусэ Бекбулат, а тIум я къуэ Саин-Булат и гъусэу Москва нэсащ.

**1914 гъэм** къалъхуащ СССР-м и къэрал лэжьакIуэ, политик **Андропов Юрий**.

**1929 гъэм** къалъхуащ шэрджэс тхакIуэ **ТIуаршы Аслъэн**.

__Мэкъуауэгъуэм и 16__

**Медицинэм и лэжьакIуэм и махуэщ**

__Мэкъуауэгъуэм и 17__

**1565 гъэм** Идар Темрыкъуэ и къуэ Мамстрыкъуэ Москва кIуащ.

**1961 гъэм** Налшык экраныбгъуэ зиIэ «Восток» кинотеатрыр къыщызэIуахащ.

__Мэкъуауэгъуэм и 18__

**1956 гъэм** Налшык музыкэ училищэ къыщызэIуахащ.

__Мэкъуауэгъуэм и 22__

**Фэеплъымрэ щыгъуэмрэ я махуэщ**

**1941 гъэм** Хэку зауэшхуэр къэхъеящ.

**1944 гъэм** КъБАССР-м и Министрхэм я Советым деж Архив IуэхущIапIэ къыщызэрагъэпэщащ.

__Мэкъуауэгъуэм и 23__

**1941 гъэм** Къэсейхьэблэ щыщ **ТхьэмытлIокъуэ Хьэсэн**, КъухьэпIэ Украинэм и къэрал гъунапкъэр ихъумэу, лIыгъэ хэлъу и гъащIэр итащ: гранатэхэр щIэпхауэ фашист танкым зыщIидзэри, ар икъутащ, езыри хэкIуэдащ.

__Мэкъуауэгъуэм и 24__

**1937 гъэм** Республикэм и Советхэм я чрезвычайнэ съездым къищтащ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и япэ Конституцэр.

**1945 гъэм** Москва и Ут Плъыжьым ТекIуэныгъэм и парад щекIуэкIащ.

__Мэкъуауэгъуэм и 25__

**1939 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, Темирязевым и цIэкIэ щыIэ академием и профессор, КъШР-мрэ КъБР-мрэ щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Агырбэ Юрий**.

__Мэкъуауэгъуэм и 26__

**Наркоманием ебэныным и дунейпсо махуэщ**

**1920 гъэм** Налшык и Затишье хьэблэм япэ санаторэ къыщызэIуахат. Абы Сталин Иосиф зыщигъэпсэхуауэ щытащ.

**1938 гъэм** КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутатхэр япэу хахащ.

__Мэкъуауэгъуэм и 27__

**Бдзэжьеящэм и дунейпсо махуэщ**

**Урысейм и щIалэгъуалэм и махуэщ**

**1919 гъэм** Япэ дунейпсо зауэр зэриухамкIэ зэгурыIуэныгъэм Версаль Iэ щытрадзащ.

**1979 гъэм** «КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэр ягъэуващ.

__Мэкъуауэгъуэм и 28__

**1799 гъэм** къалъхуащ Iуащхьэмахуэ япэ дыдэу дэкIа адыгэлI (1829) **Хьэшыр Чылар**.

**1944 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, щIэныгъэлI, ГенеалогиемкIэ дунейпсо академиеми (Париж) ЩIДАА-ми я член-корреспондент **Махъсидэ Анатолий**.

__Мэкъуауэгъуэм и 29__

**1940 гъэм** Луначарскэм и цIэр зезыхьэ Театральнэ институтым и адыгэ студиер къаухащ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёр хъунухэм.

__Мэкъуауэгъуэм и 30__

**1908 гъэм** Бахъсэн, Дзэлыкъуэ мэкъумэшыщIэхэм зыкъаIэтащ.

БАДЗЭУЭГЪУЭ (ИЮЛЬ)

__Бадзэуэгъуэм и 1__

**1957 гъэм** Москва и Театр Иным щызэхэтащ Къэбэрдейр езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и щIыхькIэ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэхэм я иужьрей концертыр.

**1981 гъэм** КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ КIыщокъуэ Алим СССР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и секретару хахащ.

**1934 гъэм** къалъхуащ философие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Джатэгъэжь Владимир**.

__Бадзэуэгъуэм и 3__

**1957 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УказкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Ленин орденыр етIуанэу къыхуагъэфэщащ.

__Бадзэуэгъуэм и 5__

**1957 гъэм** Налшык Лениным и фэеплъ къыщызэIуахащ.

__Бадзэуэгъуэм и 6__

**1557 гъэм** Къэбэрдейр езым фIэфIу Урысейм гухьащ.

**1957 гъэм** КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и гуфIэгъуэ сессие зэхэтащ. Ар теухуауэ щытащ Къэбэрдейр езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъуам икIи республикэм Ленин орденыр етIуанэу къызэрыратам.

__Бадзэуэгъуэм и 7__

**1687 гъэм** Ньютон Исаак къикхутащ дунейм зыщIэзышэ къару зэрыхэлъыр.

**1971 гъэм** КIыщокъуэ Алим СССР-м и Литфондым и унафэщIу хахащ.

__Бадзэуэгъуэм и 8__

**Унагъуэм, лъагъуныгъэм, пэжыгъэм и махуэщ**

__Бадзэуэгъуэм и 9__

**1945 гъэм** ВКП(б)-м и Налшык къалэ комитетым унафэ къищтащ Хэку зауэшхуэм нэкъуэдыкъуэ щыхъуахэм защIэгъэкъуэным теухуауэ.

**1959 гъэм** Налшык и Театр ЩхъуантIэм Пятницкэм и цIэр зезыхьэ къэрал академическэ хорым и концерт щекIуэкIащ.

__Бадзэуэгъуэм и 10__

**1934 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Ибрэхьим Хьэмзэт**.

__Бадзэуэгъуэм и 11__

**1958 гъэм** «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ ансамблыр Монголием кIуащ, абы и лъэпкъ махуэшхуэм хэтын папщIэ.

**1987 гъэм** дунейм цIыхуу щыпсэур мелард 5 ирикъуащ.

__Бадзэуэгъуэм и 12__

1641 гъэм Астрахань хъаныдзэм Балъкъ и деж щригъэкIуэкIа зауэм хэкIуэдащ Къундет зэшхэр - Чэлимэтрэ Елдаррэ.

__Бадзэуэгъуэм и 14__

**Урысей пощтым и махуэщ**

**1945 гъэм** Париж ТекIуэныгъэм и парад щекIуэкIащ. Япэ иту уэрамым ирикIуащ Франджым и ЛIыхъужь, Къэбэрдейм щыщ **Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан**.

**1957 гъэм** Налшык щекIуэкIащ СССР-м ис лъэпкъ псоми я тхакIуэхэр зыхэта пшыхь гъэщIэгъуэн.

**1965 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым уэрэдымрэ къафэмкIэ и къэрал ансамблыр къафэмкIэ «Кабардинка» къэрал ансамблу зэрахъуэкIащ.

**1904 гъэм** къалъхуащ адыгей тхакIуэ **Щоджэн Iэюб**.

__Бадзэуэгъуэм и 15__

**1939 гъэм** Бахъсэн, Аруан, Iуащхьэмахуэ районхэм щыпIэ газетхэр къыщыдэкIыу щIадзащ.

**1957 гъэм** РСФСР-м и гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэхэм я лIыкIуэхэм я кIэух концертыр Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м щекIуэкIащ.

**1924 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, РСФСР-м щIыхь зиIэ и юрист **Шакъ Беслъэн**.

**1939 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Ашэбокъуэ Леонид**.

**1959 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист, политик **Башорэ Хьэмид**.

__Бадзэуэгъуэм и 17__

**1942 гъэм** Сталинград зауэм щIидзащ.

**1945 гъэм** ЕтIуанэ дунейпсо зауэм текIуэныгъэр къыщызыхьа къэралхэм я Iэтащхьэхэм я Берлин (Потсдам) конференцыр къызэIуахащ.

**1967 гъэм** Лениным и цIэр зэрихьэу Арщыдан щыIэ колхозым Ленин орденыр къратащ.

__Бадзэуэгъуэм и 18__

**Ди эрэм и 64 гъэм** Рим мафIэм исат. Район 14-м щыщу къэнар 4 къудейт.

**1941 гъэм** Къардэн Къубатий япэ фашист кхъухьлъатэр къриудыхащ.

**1849 гъэм** къалъхуащ адыгэ джэгуакIуэ **Мыжей Сэхьид**.

**1934 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Зумакуловэ Танзиля**.

__Бадзэуэгъуэм и 19__

**1942 гъэм** Къардэн Къубатий Березовскэ щIыналъэм фашист кхъухьлъатитI къыщриудыхат.

__Бадзэуэгъуэм и 20__

**Сатум и лэжьакIуэм и махуэщ**

**Шахматхэм я дунейпсо махуэщ**

**1561 гъэм** урыс пащтыхьгуащэ Идар Гуащэнэ чристан диныр къырагъэщтащ, Марие цIэри фIащащ.

__Бадзэуэгъуэм и 21__

**1829 гъэм** адыгэлI Хьэшыр Чылар япэ дыдэу Iуащхьэмахуэ и щыгум къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ дэкIащ.

**1969 гъэм** Америкэм щыщ астронавт **Армстронг Нил** Мазэм и щхьэфэм япэ дыдэу теуващ.

**1994 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал гербыр, Къэрал ныпыр, Къэрал гимныр къащтащ.

__Бадзэуэгъуэм и 22__

**1945 гъэм** Къэбэрдей Республикэм и щакIуэ хозяйствэр къызэрагъэпэщащ.

**1914 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **КIыщокъуэ Алим**.

__Бадзэуэгъуэм и 23__

**1944 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **ДзыхьмыщI Къэралбий**.

__Бадзэуэгъуэм и 24__

**1929 гъэм** къалъхуащ адыгэ макъамэ Iэмэпсымэхэр зыгъэхьэзыру щыта IэщIагъэлI **Ойберман Владимир**.

**1944 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, критик, литературовед, филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гъут Iэдэм**.

__Бадзэуэгъуэм и 25__

**1944 гъэм** къалъхуащ публицист, «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ, УФ-м, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **Аттаев Жамал**.

**1949 гъэм** къалъхуащ географие щIэныгъэхэм я доктор, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Болэ Владислав**.

__Бадзэуэгъуэм и 26__

**1954 гъэм** къалъхуащ къэрал, политикэ лэжьакIуэ, КъШР-м и Правительствэм и УнафэщI (2000 - 2003; 2005 - 2007) **Къардэн Алик**.

__Бадзэуэгъуэм и 27__

**1841 гъэм** Пятигорск пэмыжыжьэу Мэшыкъуэ бгы лъапэм и деж щаукIащ урыс тхакIуэшхуэ **Лермонтов Михаил**.

**1991 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэуващ президент къулыкъур.

**1924 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакIуэ, драматург **Чуякъуэ Джэфар**.

__Бадзэуэгъуэм и 31__

**1964 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор **Бидэнокъуэ Мурат**.

ШЫЩХЬЭУIУ (АВГУСТ)

__ШыщхьэуIум и 1__

**1885 гъэм** япэ дыдэу уэгум зиIэтащ Можайский А. Ф. ищIа кхъухьлъатэм.

**1914 гъэм** Япэ дунейпсо зауэм щIидзащ.

**1958 гъэм** «Iуащхьэмахуэ» журналым и япэ номерыр дунейм къытехьащ.

**1967 гъэм** Бахъсэнрэ Тэрчрэ къалэ хъуащ.

**1953 гъэм** къалъхуащ «Шэрджэсхэр зэрырахуар» тхылъыр зытха, Хэкум къэзыгъэзэжахэр гъащIэм щыхагъэгъуэзэжу Мейкъуапэ дэт унэм и тхьэмадэ **Бэрзэдж Убых (Нихьэт)**.

__ШыщхьэуIум и 2__

**Хьэуа-Десантыдзэхэм я махуэщ**

__ШыщхьэуIум и 3__

**1783 гъэм** Куржым (Грузием) и КъухьэпIэ лъэныкъуэр Урысейм хыхьащ.

**1942 гъэм** ЗыхъумэжыныгъэмкIэ Налшык комитетым зыхъумэжыныгъэмкIэ гупхэр къызэгъэпэщыным теухуа унафэ къищтащ.

**1994 гъэм** Налшык къыщызэIуахащ Бгырысхэм я дунейпсо конгресс.

**1939 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **КIэмыргуей Анатолий**.

__ШыщхьэуIум и 4__

**ГъущI гъуэгум и лэжьакIуэм и махуэщ**

**1914 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Шыкъ Михаил**.

**1959 гъэм** къалъхущ биологие щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор **IэкIатIэ Валерий**.

__ШыщхьэуIум и 5__

**1934 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъАУ-м и профессор **Хъаний Мирон**.

**1939 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и артист, КъБР-м и цIыхубэ артист **Алэкъей Мухьэмэд**.

__ШыщхьэуIум и 6__

**Ядернэ Iэщэр мыдэным и дунейпсо махуэщ**

**УФ-м и гъущI гъуэгудзэм и махуэщ**

**1934 гъэм** къалъхуащ Тыркум щыщ адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэ **Челик (ХьэкIуратэ) Уэсмэн**.

**1964 гъэм** къалъхуащ оперэ уэрэджыIакIуэ, АР-м и цIыхубэ артисткэ **Шэгудж Маринэ**.

*(КIэлъыкIуэр 5-нэ нап.)*


Ашэбокъуэ Леонид


Мыжей Сэхьид


Зумакуловэ Танзиля


Армстронг Нил


КIыщокъуэ Алим


ДзыхьмыщI Къэралбий


Гъут Iэдэм


Аттаев Жамал


Къардэн Алик


КIэмыргуей Анатолий


Апажэ Ахьмэд


Мурат Чапай


Танокъуэ Екатеринэ


Агырбэ Юрий


Хьэшыр Чылар


Махъсидэ Анатолий


Джатэгъэжь Владимир


Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан


Шакъ Беслъэн


Хъаний Мирон

# 2019 гъэм и адыгэ махуэгъэпс-щIэнгъуазэ


Алэкъей Мухьэмэд


Къаздэхъу СультIан


Тыркуин Анатолий


Бэгъуэтыж Светланэ


Тхьэбысым Умар


Къэжэр Валерий


Ерчэн Казимэ


Жанхъуэт Кушыку


Мыз Ахьмэд


Къудей Чэрим

*(КIэлъыкъуэ. ПэщIэдзэр 3, 4-нэ нап).*

**Шыщхьэуlум и 8**
**1899 гъэм** США-м дунейм щыяпэу щIыIалъэ (холодильник) щащIащ.
**1942 гъэм** Зыхъумэжыныгъэмкlэ Налшык комитетым унафэ ищlащ КъБАССР-м и щыхьэрым и къыдыхьэпlэхэм быдапlэхэр щаухуэну.

**Шыщхьэуlум и 10**
**1929 гъэм** къалъхуащ КъБАССР-м щэнхабзэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ, радиожурналист **Емуз Гъузер**.

**Шыщхьэуlум и 11**
**Ухуакlуэм и махуэщ**
**1934 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цlыхубэ артист, УФ-м щlыхь зиlэ и артист **Къаздэхъу СулътIан**.

**Шыщхьэуlум и 12**
**УФ-м и Дзэ-Хьэуа Къарухэм я махуэщ**
**ЩIалэгъуалэм я дунейпсо махуэщ**
**1944 гъэм** къалъхуащ мэздэгу адыгэхэм ящыщ, къэрал лэжьакlуэ, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэу лэжьа, УФ-м щlыхь зиlэ и ухуакlуэ **Тыркуин Анатолий**.

**Шыщхьэуlум и 13**
**1939 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щlыхь зиlэ и артисткэ, уэрэджыlакlуэ цlэрыlуэ **Бэгъуэтыж Светланэ**.

**Шыщхьэуlум и 14**
**Абхъазыр зыхъумахэм я фэеплъ махуэщ**

**Шыщхьэуlум и 15**
**Археологым и махуэщ**
**1954 гъэм** къалъхуащ сурэтыщl-график **Горлов Михаил**.

**Шыщхьэуlум и 16**
**1934 гъэм** Москва къыщызэlуахащ СССР-м и Тхакlуэхэм я япэ съездыр.
**1939 гъэм** «Кабардинка» ансамблым концертхэр Къуэкlыпlэ Жыжьэм тын щыщlидзащ.
**1960 гъэм** Налшык къыщызэlуахащ Изобразительнэ гъуазджэхэмкlэ музей.
**1965 гъэм** Урысейм и щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ я фэеплъхэр хъумэнымкlэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр къызэрагъэпэщащ.
**1919 гъэм** къалъхуащ композитор, уэрэджыlакlуэ, КъБР-ми АР-ми я цlыхубэ артист **Тхьэбысым Умар**.

**Шыщхьэуlум и 17**
**1771 гъэм** Екатеринэ Етlуанэм езым и унафэкlэ Къэбэрдей цlыхубэм Щытхъу тхылъ къаритащ.

**Шыщхьэуlум и 18**
**Урысейм и хьэуа флотым и махуэщ**
**1941 гъэм** КъБР-м тхьэмахуэ щlыхьэху щекlуэкlащ. Абы къыщалэжьа сом мин 300-р Зыхъумэжыныгъэм и фондым халъхьащ.
**1949 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакlуэ, генерал-лейтенант, УФ-м и МВД-м щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ **Ещыгуауэ Руслан**.

**Шыщхьэуlум и 19**
**1942 гъэм** Къардэн Къубатий Елъхъуэт (Осетие Ищхъэрэ) и деж бийм и кхъухьлъатитl къыщриудыхащ.
**1949 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щlэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щlэныгъэхэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къэжэр Валерий**.

**Шыщхьэуlум и 20**
**1919 гъэм** къалъхуащ шэрджэс тхакlуэ **Хьэкъун Исуф**.
**1929 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цlыхубэ артисткэ **Ерчэн Казимэ**.

**Шыщхьэуlум и 21**
**1561 гъэм** урыс пащтыхь Грозный Иван щхьэгъусэу ишащ къэбэрдеипщ Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ (Марие).
**1964 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым и цlыхубзхэм я V съезд екlуэкlащ.

**Шыщхьэуlум и 22**
**Урысей Федерацэм и Къэрал ныпым и махуэщ**
**1959 гъэм** Тэрч къалэ щатащ налмэс lэмэпсымэхэр къыщыщlагъэкl завод.

**Шыщхьэуlум и 23**
**1382 гъэм** Урысейм артиллерие дзэхэр къыщызэрагъэпэщащ. Ар япэу къагъэсэбэпащ Тохъутэмыщ хъаныр Мэзкуу щытеуам щыгъуэ.
**1943 гъэм** СССР-м и Дзэ Плъыжьым Курск и деж нэмыцэ-фашистыдзэр щызэтрикъутащ.
**1992 гъэм** Щlэныгъэхэмкlэ Дунейпсо Адыгэ Академиер къызэрагъэпэщащ.

**Шыщхьэуlум и 24**
**1830 гъэм** дунейм ехыжащ Къэбэрдей пщы уэлий хахуэ Жанхъуэт Кушыку.
**1943 гъэм** Къардэн Къубатий Совет Союзым и Лlыхъужь цlэр къыфlащащ.
**1934 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакlуэ, зэдзэкlакlуэ **Къумпlыл Къадырбэч**.

**Шыщхьэуlум и 26**
**1908 гъэм** Тыркум япэ Адыгэ Хасэ къыщызэрагъэпэщащ.

**Шыщхьэуlум и 27**
**Урысей кином и махуэщ**

**Шыщхьэуlум и 28**
**1924 гъэм** Налшык къыщызэрагъэпэщащ Физкультурэмкlэ щlыналъэ совет.
**1954 гъэм** къалъхуащ адыгэ тхакlуэ, КъБР-м щlыхь зиlэ и журналист **Мыз Ахьмэд**.

## ФОКIАДЭ (СЕНТЯБРЬ)

**ФокIадэм и 1**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэщ**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и махуэщ**
**Налшык къалэ и махуэщ**
**ЩIэныгъэм и махуэщ**
**Гъэ еджэгъуэщIэм щIедзэж**
**1569 гъэм** урыс пащтыхьгуащэ Идар Гуащэнэ (Марие) дунейм ехыжащ.
**1921 гъэм** Къэбэрдей АО-р къызэрагъэпэщащ.
**1939 гъэм** Етlуанэ дунейпсо зауэр къэхъеящ.
**1940 гъэм** Тырныауз вольфрам-молибден комбинатыр лажьэу яутlыпщащ.
**1940 гъэм** Налшык къыщызэрагъэпэщащ адыгэ, балъкъэр балет студиехэр.
**1909 гъэм** къалъхуащ парт, къэрал лэжьакlуэ, КъАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и унафэщl (1944 - 1951) **Къудей Чэрим**.

**ФокIадэм и 2**
**Журналистхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ**
**Терроризмэм ебэныным и дунейпсо махуэщ**
**1943 гъэм Къанкъуэщ Ахьмэдхъан** Совет Союзым и Лlыхъужь цlэр къыфlащащ.

**ФокIадэм и 3**
**1934 гъэм** къалъхуащ УФ-ми КъБР-ми щlыхь зиlэ я егъэджакlуэ **Гугъуэт Лол**.
**1964 гъэм** къалъхуащ адыгэ литературовед, тхакlуэ, щlэныгъэлl **Абазэ Албэч**.

**ФокIадэм и 6**
**1939 гъэм** Налшык шыгъэжапlэ къыщызэlуахащ.
**1942 гъэм** ВЛКСМ-м и обкомым республикэм и щlалэгъуалэр къыхуриджащ нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакlуэхэм ялъэкl псомкlи япэщlэувэну.
**1991 гъэм** Ленинград къалэм и цlэр Санкт-Петербургыу зэрахъуэкlащ.
**2001 гъэм** Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэкlуащ.

**ФокIадэм и 7**
**1949 гъэм** къалъхуащ педагогикэ щlэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м, МАИА-м, АПСН-м я академик, АР-м щlэныгъэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ **Кlэрмыт Къазбэч**.

**ФокIадэм и 9**
**1969 гъэм** къалъхуащ адыгэ сурэтыщl **Гъуэгунокъуэ Мурат**.

**ФокIадэм и 10**
**1939 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и къэрал лэжьакlуэ, политик **Сэхъу Владимир**.

**ФокIадэм и 11**
**1943 гъэм** Къуэныкъуей Назир къалэн иlэу япэ дыдэу уэгум ихьащ икlи япэ нэмыцэ кхъухьлъатэр къриудыхащ, абы папщlи япэ орденыр къратащ.
**1929 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цlыхубэ артист, УФ-м щlыхь зиlэ и артист **Дашу Хьэшыр**.
**1954 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакlуэ, техникэ щlэныгъэхэм я доктор, профессор, РАЕН-м и академик, КъБКъУ-м и ректор **Алътуд Юрий**.

**ФокIадэм и 13**
**Парикмахерым и махуэщ**
**Программистым и махуэщ**
**Мэзым и лэжьакlуэм и махуэщ**
**Мамырыгъэм и дунейпсо махуэщ**
**1762 гъэм** Екатеринэ Етlуанэр пащтыхь къулыкъум пэрыуващ.
**1942 гъэм** Сталинград зауэм щlидзащ.
**1934 гъэм** къалъхуащ шэрджэс тхакlуэ **Шорэ Хьэсин**.

**ФокIадэм и 14**
**1914 гъэм** къалъхуащ шэрджэс тхакlуэ **Хъыту СэIидин**.

**ФокIадэм и 15**
**1932 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал пединститутыр къызэlуахащ.
**1949 гъэм** къалъхуащ шэрджэс усакlуэ, журналист **Пхъэш МуIэед**.
**1959 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакlуэ, тхакlуэ, драматург, жылагъуэ лэжьакlуэ **Лыкъуэжь Нелли**.

**ФокIадэм и 16**
**1944 гъэм** Налшык къыщызэlуахащ республикэм и дохутырхэм я съезд.

**ФокIадэм и 17**
**1979 гъэм** къалъхуащ Адыгэ Республикэм щlыхь зиlэ и журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкlэ и къудамэм и унафэщl **ЩхьэщэмыщI Изэ**.

**ФокIадэм и 18**
**1989 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ пщащэ-2013» дунейпсо зэпеуэм Гран-при саугъэтыр къыщызыхьа, экономист **Кlукlуэнэ Беллэ**.

**ФокIадэм и 19**
**1544 гъэм** къалъхуащ адыгэ бзылъхугъэ, урыс пащтыхьгуащэ, Иван Грознэм и щхьэгъусэ **Идар Темрыкъуэ ипхъу Марие (Гуащэнэ)**.

**ФокIадэм и 20**
**Адыгэхэм я дунейпсо махуэщ**
**1862 гъэм** Санкт-Петербург къэрал консерваторэр къызэlуахащ. Ар Урысейм и япэ музыкэ еджапlэ нэхъыщхьэщ.
**1936 гъэм** Бахъсэн ГЭС-р лажьэу яутlыпщащ.
**1999 гъэм** Мэлбахъуэ Тимборэ дунейм ехыжащ.
**1944 гъэм** къалъхуащ КъШР-м и цlыхубэ усакlуэ **Нэхущ Мухьэмэд**.

**ФокIадэм и 22**
**Махуэмрэ жэщымрэ зэхуэдэ щыхъу бжьыхьэ махуэщ**

**ФокIадэм и 23**
**1924 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым щlэныгъэншагъэр щыгъэкlуэдынымкlэ комиссэ къызэрагъэпэщащ.
**2000 гъэм** Тегенекли жылагъуэм къыщызэlуахащ **Высоцкий Владимир** и музей.
**1934 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цlыхубэ усакlуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Тхьэгъэзит Зубер**.

**ФокIадэм и 24**
**1942 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я нэхъыжь лlыкlуэхэм республикэм ис псоми зыхуагъэзащ къарууэ яlэмкlэ нэмыцэ фашист зэрыпхъуакlуэхэм япэщlэувэну.
**1993 гъэм** Урысейм къыщызэрагъэпэщащ Цlыхум и хуитыныгъэхэмкlэ комиссэ.

**ФокIадэм и 25**
**1934 гъэм** Налшык къыщызэlуахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и колхоз-совхоз япэ спартакиадэр.
**1941 гъэм** ВКП(б)-м и обкомым унафэ ищlащ уlэгъэ хъуа зауэлlхэр зыхуей хуэгъэзэнымкlэ комитет къызэрагъэпэщыну.

**ФокIадэм и 26**
**Бзэхэм я европэпсо махуэщ**
**1941 гъэм** Налшык щекlуэкlащ республикэм и парт активым и зэlущlэ. Абы щытепсэлъыхьащ цlыхухэр зауэ lуэхухэм хуегъэджэным.

**ФокIадэм и 27**
**Туризмэм и дунейпсо махуэщ**

**ФокIадэм и 28**
**Адыгэ фащэм и махуэщ**

**ФокIадэм и 30**
**Абхъаз лъэпкъыр щытекlуа махуэщ**
**Зэдзэкlакlуэм и дунейпсо махуэщ**
**1960 гъэм** Налшык лэжьэн щыщlидзащ «Горянка» алэрыбгъу фабрикэм.

## ЖЭПУЭГЪУЭ (ОКТЯБРЬ)

**Жэпуэгъуэм и 1**
**Зи ныбжь хэкlуэтахэм я дунейпсо махуэщ**
**Музыкэм и дунейпсо махуэщ**
**УФ-м и лъэсыдзэм и махуэщ**
**1924 гъэм** Налшык егъэджакlуэхэр щагъэхьэзыр техникум къыщызэlуахащ.
**1933 гъэм** Налшык Лениным и цlэр зэрихьэу дэт еджапlэ къалэ цlыкlум къыщызэрагъэпэщащ лъэпкъ студие.

**Жэпуэгъуэм и 2**
**1945 гъэм** Къэбэрдей пединститутым школ-интернат къыщызэlуахащ.
**1954 гъэм** къалъхуащ сурэтыщl-живописец **Ерчэн Исуф**.

**Жэпуэгъуэм и 3**
**Урысей Федерацэм и хьэршыдзэм и махуэщ**
**1933 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым уэрэдымрэ къафэмкlэ и «Кабардинка» къэрал ансамблыр къызэрагъэпэщащ.

**Жэпуэгъуэм и 4**
**Псэущхьэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**
**1986 гъэм** «lуащхьэмахуэ лъапэ» къэрал лъэпкъ паркыр къызэрагъэпэщащ.

**Жэпуэгъуэм и 5**
**Егъэджакlуэм и дунейпсо махуэщ**
**1990 гъэм** Адыгэ Республикэр къызэрагъэпэщащ.

**Жэпуэгъуэм и 7**
**Архитектурэм и дунейпсо махуэщ**
**1918 гъэм** Даутокъуэ-Серебряков Заурбэч и дзэм Налшык къиштащ.

**Жэпуэгъуэм и 8**
**1860 гъэм** Бахъсэн цlыхубэ судыр къызэрагъэпэщауэ щытащ.
**1939 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щlэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Къагъырмэс Царай**.

**Жэпуэгъуэм и 9**
**Пощтым и дунейпсо махуэщ**
**Мэкъумэш хозяйствэм и лэжьакlуэхэм я махуэщ**
**1909 гъэм** къалъхуащ Тыркум щыпсэу убыххэм ящыщ тхакlуэ, журналист **Щхьэплы Зубейдэ**.

**Жэпуэгъуэм и 10**
**1939 гъэм** къалъхуащ философие щlэныгъэхэм я доктор, техникэ щlэныгъэхэм я кандидат, КъБР-м щlэныгъэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ **Тхьэгъэпсо Хьэжысмел**.

**Жэпуэгъуэм и 11**
**1941 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзапlэм къыдигъэкlащ республикэм и усакlуэхэм я усэхэр зэрыт «lэщэр къафщтэ!» тхылъыр.

**Жэпуэгъуэм и 12**
**1957 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къызэlуахащ. Абы и япэ ректору ягъэуват Бэрбэч ХьэтlутIэ. Иджы абы и цlэр КъБКъУ-м зэрехьэ.

**Жэпуэгъуэм и 14**
**Стандартизацэм и дунейпсо махуэщ**

**Жэпуэгъуэм и 15**
**1814 гъэм** къалъхуащ урыс усакlуэ, тхакlуэ **Лермонтов Михаил**.

**Жэпуэгъуэм и 16**
**1991 гъэм** Налшык щызэхэтащ КъБР-м ис лъэпкъхэм я нэхъыжьыфlхэм я зэхуэсышхуэ.

**Жэпуэгъуэм и 20**
**ПщафIэм и дунейпсо махуэщ**
**Дзэ связистым и махуэщ**
**2000 гъэм** Шэджэм къалэ хъуащ.
**1934 гъэм** къалъхуащ химие щlэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Шурдым Гъэзалий**.

**Жэпуэгъуэм и 22**
**1929 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цlыхубэ тхакlуэ, УФ-м щэнхабзэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ **Къэрмокъуэ Мухьэмэд**.

**Жэпуэгъуэм и 24**
**ООН-м и дунейпсо махуэщ**
**1949 гъэм** къалъхуащ шапсыгъ, абазэ, авар, шэшэн бзэхэм я къэхутакlуэ, филологием и доктор **Алексеев Михаил**.

**Жэпуэгъуэм и 26**
**1929 гъэм** къалъхуащ журналист, КъБР-м щэнхабзэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ **Джэлэс Тауҗид**.

**Жэпуэгъуэм и 27**
**1940 гъэм** Налшык къыщызэlуахащ Къэбэрдей, Балъкъэр къэрал драмэ театрхэр.

**Жэпуэгъуэм и 29**
**1696 гъэм** Пётр I и жэрдэмкlэ Урысей Флотыр къызэрагъэпэщащ.
**1943 гъэм** Налшык ФЗО школ къыщызэlуахащ.
**1934 гъэм** къалъхуащ юрист, тхакlуэ **Сэрахъэ Александр**.

**Жэпуэгъуэм и 30**
**Политикэ lуэхукlэ зэхэзехуэн зэращlам и зэранкlэ хэкlуэдахэм я фэеплъ махуэщ**
**1711 гъэм** къэбэрдей шу гупым Мурад-СулътIан зи пашэ тыркудзэр хигъэщlат.

## ЩЭКIУЭГЪУЭ (НОЯБРЬ)

**ЩэкIуэгъуэм и 1**
**1922 гъэм** Налшык парт школ къыщызэlуахащ.
**1936 гъэм** Налшык Урыс къэрал драмэ театр къыщызэlуахащ.

**ЩэкIуэгъуэм и 2**
**1949 гъэм** Къэбэрдей бгылъагэ заповедникыр къызэрагъэпэщ.

**ЩэкIуэгъуэм и 3**
**1562 гъэм** Къэбэрдей пщыуэлий Идар Темрыкъуэ и къуэ Думэныкъуэ и гъусэу Астрахань хъаным и деж кlуащ.
**1931 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым ВЦИК-м и Щlыхь тхылъ кърататщ.

**ЩэкIуэгъуэм и 4**
**ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэщ**.
**1890 гъэм** дунейм щыяпэу Лондон метро къыщызэlуахащ.

**ЩэкIуэгъуэм и 5**
**Дзэ тIасхъэщIэхым и махуэщ**
**1922 гъэм** Налшык щызэхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цlыхубзхэм я япэ зэхуэсышхуэ.
**1941 гъэм** ВКП(б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым унафэ къищтащ республикэм зыхъумэжыныгъэмкlэ быдапlэхэр щыухуэным теухуауэ.
**1949 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щlэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Журт Арчыл**.

**ЩэкIуэгъуэм и 6**
**1731 гъэм** Урысейм и Министрхэм я Кабинет къызэрагъэпэщащ. Абы хагъэхьат адыгэпщ **Черкасский Алексей**.

**ЩэкIуэгъуэм и 7**
**Октябрь революцэм и махуэщ (1917)**.
**1928 гъэм** Акъбащ ГЭС-р ятащ (КъБР).
**1914 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакlуэ **Ехъулlэ Сэфар**.
**1924 гъэм** къалъхуащ усакlуэ, журналист **Щоджэнцlыкlу Нурий**.
**1939 гъэм** къалъхуащ АР-м и япэ президент, экономикэ щlэныгъэхэм я доктор, ЩIДАА-м и академик **Джарым Аслъэн**.
**1939 гъэм** къалъхуащ адыгэ уэрэджыlакlуэ, УФ-м щlыхь зиlэ и артист, АР-м и цlыхубэ артист, Къандурым и дунейпсо саугъэтым и лауреат **Анзорокъуэ Чеслав**.

**ЩэкIуэгъуэм и 8**
**1914 гъэм** къалъхуащ адыгэ актёр, УФ-м щlыхь зиlэ и артист **Жыгун Тимэ**.
**1924 гъэм** къалъхуащ педагогикэ щlэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, АР-м щlэныгъэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ **Шорэ Ибрэхьым**.

**ЩэкIуэгъуэм и 10**
**МВД-м и лэжьакlуэм и махуэщ**
**1741 гъэм** адыгэпщ Черкасский Алексей Урысейм и канцлер щэджащэу ягъэуващ.
**1964 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щlэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Шал Тимур**.

**ЩэкIуэгъуэм и 11**
**1939 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щlэныгъэхэм я доктор, КъБКъАУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, УФ-м, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ **Хьэмыкъуэ Владимир**.
**1949 гъэм** къалъхуащ Британ академием хэт, ЩIДАА-м и академик, адыгэбзэмкlэ lэщlагъэлl **Хьюит Джордж**.

**ЩэкIуэгъуэм и 12**
**Урысейм и Сбербанкым и лэжьакlуэхэм я махуэщ**

**ЩэкIуэгъуэм и 13**
**Нэфхэм я дунейпсо махуэщ**
**1929 гъэм** къалъхуащ АР-м и цlыхубэ сурэтыщl **Мерэтыкъуэ Долэт**.

**ЩэкIуэгъуэм и 14**
**1914 гъэм** къалъхуащ тхакlуэ **Къашыргъэ ХьэпащIэ**.
**1924 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакlуэ, УФ-м щэнхабзэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Налшык къудамэм и Тхьэмадэ **Ефэнды Джылахъстэн**.

**ЩэкIуэгъуэм и 15**
**1764 гъэм** Урысейм Художествэхэмкlэ и академиер къызэрагъэпэщащ.
**1934 гъэм** СССР-м япэу макъ зыщlэт теленэтынхэр щекlуэкlащ.

**ЩэкIуэгъуэм и 16**
**ШыIэныгъэм и дунейпсо махуэщ**
**1943 гъэм Яхэгуауэ Михаил** Совет Союзым и Лlыхъужь цlэр къыфlащащ.

**ЩэкIуэгъуэм и 17**
**Студентхэм я дунейпсо махуэщ**
**1920 гъэм** Бгырыс АССР-р къызэрагъэпэщащ.
**1933 гъэм** СССР-мрэ США-мрэ дипломат зэпыщlэныгъэ яlэ хъуащ.

**ЩэкIуэгъуэм и 18**
**1866 гъэм** Къэбэрдейм мэкъумэшыщlэхэр пщылlыпlэм щрагъэкlащ.

**ЩэкIуэгъуэм и 19**
**1941 гъэм** Зыхъумэжыныгъэмкlэ Налшык комитетым Къэбэрдей-Балъкъэр шуулей дивизэр къызэгъэпэщыным теухуауэ унафэ къищтащ.

**ЩэкIуэгъуэм и 20**
**Сабийм и дунейпсо махуэщ**
**1999 гъэм** «КъБР-м щlыхь зиlэ и юрист» цlэ лъапlэр ягъэуващ.

*(КIэухыр 6-нэ нап.)*


Тхьэгъэпсо Хьэжысмел


Лермонтов Михаил


Шурдым Гъэзалий


Къэрмокъуэ Мухьэмэд


Джэлэс Тауҗид


Джарым Аслъэн


Анзорокъуэ Чеслав


Шорэ Ибрэхьым


Ефэнды Джылахъстэн


Пхъэш МуIэед


Къанкъуэщ Ахьмэдхъан


Гугъуэт Лол


Сэхъу Владимир


Дашу Хьэшыр


Лыкъуэжь Нелли


ЩхьэщэмыщI Изэ


Идар Темрыкъуэ ипхъу Марие (Гуащэнэ)


Нэхущ Мухьэмэд


Къагъырмэс Царай


Емуз Гъузер

# 2019 гъэм и адыгэ махуэгъэпс-щIэнгъуазэ


Нэгумэ Шорэ


НэщIэпыджэ Замирэ


Бицу Юрий


Сосмакъ Валентинэ


Джэш ФатIимэ


Шэрий Иринэ


Согъуэ Данил


КIыщ Мухьэдин


Iэпщэ Александр


Сталин (Джугашвили) Иосиф

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 3-5-нэ нап).*

<u>ЩэкIуэгъуэм и 21</u>

**УФ-м и налог органхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ**

<u>ЩэкIуэгъуэм и 22</u>

**1949 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Терек» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Беслъэней Владимир**.

**1969 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI-модельер **Сэралъп Мадинэ**.

<u>ЩэкIуэгъуэм и 23</u>

**1794 гъэм** къалъхуащ адыгэ еджагъэшхуэ, тхыдэтх, филолог, узэщIакIуэ **Нэгумэ Шорэ**.

**1979 гъэм** къалъхуащ Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкiэ и къудамэм и унафэщI, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм жэуап зыхь и секретарь **НэщIэпыджэ Замирэ**.

<u>ЩэкIуэгъуэм и 24</u>

**Анэм и махуэщ**

<u>ЩэкIуэгъуэм и 25</u>

**1741 гъэм** адыгэпщ Черкасский Алексей и пщэ иралъхьащ Пётр ипхъу Елизаветэ императрицэ къулыкъум зэрыпэрыувэну манифестымрэ абы ищIыну тхьэрыIуэмрэ зэхилъхьэну.

**1979 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **ХъуакIуэ ФатIимэт**.

<u>ЩэкIуэгъуэм и 26</u>

**Информацэм и дунейпсо махуэщ**

**СПИД-м ебэныным и дунейпсо махуэщ**

<u>ЩэкIуэгъуэм и 28</u>

**1942 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым и партизанхэр Жэмтхьэлэ Ипщэ щыIэ нэмыцэ гарнизоным теуащ, хэщIыныгъэшхуи иратащ.

**1939 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, УФ-м гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бицу Юрий**.

**1964 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, политик, КъБР-м и щIыхь зиIэ и юрист **ДыщэкI Мадинэ**.

<u>ЩэкIуэгъуэм и 29</u>

**1917 гъэм** ЦIагъуэ Нурийрэ Дым Iэдэмрэ «Адыгэ макъ» газетым и япэ номерыр къыдагъэкIащ.

<u>ЩэкIуэгъуэм и 30</u>

**1571 гъэм** Къэбэрдей пщы уэлий Идар Темрыкъуэ дунейм ехыжащ.

**1929 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Жылокъуэ Зинаидэ**.

ДЫГЪЭГЪАЗЭ (ДЕКАБРЬ)

<u>Дыгъэгъазэм и 1</u>

**1917 гъэм** Тэрч-Дагъыстэн правительствэ къызэрагъэпэщащ.

**1934 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Сосмакъ Валентинэ**.

**1944 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, политик **Джэш ФатIимэ**.

<u>Дыгъэгъазэм и 2</u>

**Банк лэжьакIуэм и махуэщ**

<u>Дыгъэгъазэм и 3</u>

**Ныкъуэдыкъуэхэм я дунейпсо махуэщ**

<u>Дыгъэгъазэм и 5</u>

**1936 гъэм** СССР-м и Конституцэр къащтащ, КъБАО-р КъБАССР хъуащ.

**1942 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым и партизанхэр Лэскэн I щыIэ нэмыцэ быдапIэм теуащ, хэщIыныгъэшхуи иратащ.

<u>Дыгъэгъазэм и 7</u>

**Граждан авиацэм и дунейпсо махуэщ**

<u>Дыгъэгъазэм и 8</u>

**1991 гъэм** Къэрал Щхьэхуитхэм я Зэгухьэныгъэр (СНГ) къызэзыгъэпэща Беловежскэ зэгурыIуэныгъэм Iэ традзащ. Абы СССР къэралыгъуэр щымыIэж ищIащ.

**1929 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Шэрий Иринэ**.

**1954 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Шыд Андемыркъан**.

<u>Дыгъэгъазэм и 9</u>

**Хэкум и ЛIыхъужьым и махуэщ**

**1769 гъэм** Урысейм и зауэ дамыгъэ нэхъыщхьэр - Георгий щихъым и орденыр - къащтащ.

<u>Дыгъэгъазэм и 10</u>

**ЦIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**

**1939 гъэм** къалъхуащ композитор, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Согуэ Данил**.

<u>Дыгъэгъазэм и 11</u>

**1956 гъэм** Мэлбахъуэ Тимборэ КПСС-м и обкомым и япэ секретару хахащ.

<u>Дыгъэгъазэм и 12</u>

**Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэщ**

**1993 гъэм** КъБР-м палатитI хъу и Парламентыр хахащ.

<u>Дыгъэгъазэм и 13</u>

**1949 гъэм** Налшык щекIуэкIащ КъАССР-м и цIыхубз ныбжьыщIэхэм я зэхуэсышхуэ.

**1991 гъэм** Налшык щекIуэкIащ КъБР-м ис лъэпкъхэм я лIыкIуэхэм я съезд.

<u>Дыгъэгъазэм и 15</u>

**1699 гъэм** Пётр Езанэм и унафэкIэ, Урысейр Юлиан махуэгъэпсым хуэкIуащ.

**1700 гъэм** къыщыщIэдзауэ илъэсыщIэр къыщрагъэхьэр щIышылэм (январым) и 1-рщ, зэрыщыта фокIадэм (сентябрым) и 1-м и пIэкIэ.

<u>Дыгъэгъазэм и 18</u>

**1939 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI, ХудожествэмкIэ Урысей академием, ЩIДАА-м я академик **КIыщ Мухьэдин**.

<u>Дыгъэгъазэм и 19</u>

**1939 гъэм** къалъхуащ футболымкIэ СССР-м и чемпион (1964), РСФСР-м и чемпион (1965), КъБАССР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Iэпщэ Александр**.

<u>Дыгъэгъазэм и 21</u>

**1237 гъэм** Хъан Батий и дзэм Рязань игъэсащ.

**1944 гъэм** ВКП(б)-м и обкомым унафэ къищтащ Дзэлыкъуэ, Куба, Налшык, Шэджэм, Прималкэ, Урожайнэ, Лэскэн районхэм газет къыщыдэгъэкIыным теухуауэ.

**1879 гъэм** къалъхуащ парт, къэрал лэжьакIуэ, генералиссимус, Совет Союзым и ЛIыхъужь, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Сталин (Джугашвили) Иосиф**.

<u>Дыгъэгъазэм и 22</u>

**Энергетикым и махуэщ**

**2001 гъэм** Налшык къыщызэIуахащ Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэ (ГКЗ).

<u>Дыгъэгъазэм и 23</u>

**1905 гъэм** Тэрч областым зауэ щытыкIэ щагъэуващ.

**1779 гъэм** къалъхуащ генерал-майор, 1812 гъэм щыIа Хэку зауэшхуэм хэта **Бэджыдэ Адылджэрий**.

<u>Дыгъэгъазэм и 24</u>

**1839 гъэм** къалъхуащ Оттоман империем и маршал, Кавказым и тхыдэм теухуа лэжьыгъэхэр зытха **Бэрзэдж Зеки**.

**1954 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМА-м и профессор **ЕхъулIэ Мартин**.

<u>Дыгъэгъазэм и 25</u>

**1942 гъэм** 37-нэ армэм и дзэхэр фашистхэр зыдэс Налшык къебгъэрыкIуэу хуежьащ.

**1914 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Къанкъуэщ Ахьмэдхъан**.

**1919 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Байсултанов Алим**.

**1919 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Яхэгуауэ Михаил**.

**1929 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, литературэдж, критик, щIэныгъэлI **Сокъур Мусэрбий**.

<u>Дыгъэгъазэм и 26</u>

**1991 гъэм** СССР-р зэрыщымыIэжымкIэ Декларацэр къащтащ.

<u>Дыгъэгъазэм и 27</u>

**1929 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, литературэдж, критик **ХьэкIуащэ Андрей**.

<u>Дыгъэгъазэм и 28</u>

**1905 гъэм** Налшык зыкъыщцызыIэтахэр хагъэщIащ.

**1959 гъэм** Налшык телемеханикэ аппаратурэ къыщыщIагъэкI завод къыщызэIуахащ.

**1968 гъэм** Мейкъуапэ иIэ Зэныбжьэгъугъэм и утым «ИгъащIэкIэ Урысейм дыщIыгъуу» фэеплъыр къыщызэIуахащ.

<u>Дыгъэгъазэм и 30</u>

**1922 гъэм** Советхэм я I Союзпсо съездым къыщызэрагъэпэщащ Совет Социалист Республикэхэм я Союзыр - СССР-р.

**1972 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ орденыр къыхуагъэфэщащ.

**1934 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, КъБАССР-м, РСФСР-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Бер Мухьэдин**.

**1939 гъэм** къалъхуащ философие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик **Делэкъарэ Къадырбэч**.

<u>Дыгъэгъазэм и 31</u>

**1898 гъэм** Москварэ Петербургрэ япэу телефонкIэ зэпащIащ.

**1929 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и дохутыр, АР-м и цIыхубэ дохутыр **Хьэгъундокъуэ Нурбий**.

*Зыгъэхьэзырар*
**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ**.


Альтуд Юрий


Черкасский Алексей


Байсултанов Алим


Яхэгуауэ Михаил


Хьюитт Джордж


ДыщэкI Мадинэ


Абазэ Албэч


Къашыргъэ ХьэпащIэ


Къумпыл Къадырбэч


Журт Арчыл


Маршал Бэрзэдж Зеки


Сокъур Мусэрбий


ХьэкIуащэ Андрей


Бер Мухьэдин


Делэкъарэ Къадырбэч


Щхьэплы Зубейдэ

● Хъыбар гуапэ

# МэшбащIэ Исхьэкъ и тхыдэ романыщIэ

<u>**Хъыбар гуапэ къытIэрыхьащ - Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я цIыхубэ тхакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ илъэсыщIэм адыгэ лъэпкъым саугъэт лъапIэкIэ яхуэупсащ. Абы нитхысащ Къэнжал зауэм теухуа «Ажал гъуэгу» зыфIища тхыдэ романыр.**</u>



ДИ ЛЪЭПКЪЫР дуней псом къызэрыщацIыху зэхэтыкIэ дахэр, хабзэ екIур, яхэлъ гъэсэныгъэр, я лIыгъэмрэ къэмылэнджыгъэмрэ, я теплъэ уардэр къытещыжу МэшбащIэм и Iэдакъэ къыщIэкIа романхэм тхыдэр къатIэщIыж къудейкъым, атIэ ар гъэпсыкIэ дахэрэ философие куукIэ щIэгъэбыдэжауэ дунейм къытрегъэхьэ. Иджырейри, адрей роман 19-м хуэдэу, шэч хэмылъу, тхыдэм и дыщэ бдзумэу къэплъытэ хъунущ.

Исхьэкъ и романхэр бзэ куэдкIэ зэдзэкIауэ дунейм къытехьащ. Псалъэм папщIэ, нэгъабэ абы и романиx зэуэ хьэрыпыбзэм ирагъэзэгъащ. Ар и щыхьэт нахуэщ тхакIуэ щэджащэм и зэфIэкI лъагэм.

МэшбащIэм и «Ажал гъуэгу» романым къежьапIэ хуэхъуам, абы тезыгъэгушхуахэм, тхыгъэм лъабжьэ хуищIам теухуауэ вэсэмахуэ упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзати, къыджиIахэр ди гуапэу тыдодзэ.

- Илъэс куэд щIауэ си ныбжьэгъуфI, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд си деж къэпсалъэри зыкъысхуигъэзащ, Къэнжал зауэм теухуа тхыдэ роман стхыну, жиIащ, езыри яхэту, тхыдэджхэр къызэрызэлъэIур. Си гур занщIэу къэпIейтеящ: апхуэдэ лъэIур си гуапэ хъуат, ауэ Iуэху мытыншым занщIэу зеспщытакъым. Тхыдэ материал зэхуэхьэсын щыщIэздзам, си акъылым абы ехьэлIа Iуэхугъуэхэр щIы гъущIауэ зэщIишэрт. Адыгэхэм я гъащIэм увыпIэ щхьэхуэ щызубыда а Iуэху иным теухуауэ куэд дыдэ щIэсплъыкIащ. Романым и пкъыр тхыдэм къыпкърысхарщ, абы щIэслъхьа IэфIагъыр дэтхэнэ тхакIуэри зыхуит художественнагъэрщ. Къыхэгъэщыпхъэщ адыгэхэм я мызакъуэу а зауэм нэгъуэщI лъэпкъ куэди къызэрызэщIиубыдэр, абыхэм я тхыдэми а Iуэхур дамыгъэ щхьэхуэу къазэрытещыжыр. ИлъэситIым нэблагъэкIэ селэжьауэ жыпIэ хъунущ тхылъым. Тхыдэдж цIэрыIуэхэм сахуэзащ, адыгэхэм я къэIуэтэкIэм и мызакъуэу абы хэта адрей лъэпкъхэм я тхыдэджхэми жаIэр зэзгъэщIащ, зауэр щекIуэкIа щIыпIэм ХьэфIыцIэ Мухьэмэд сишэри сыщыIащ. Абы къисхыу къэсхьа мывэ закъуэр романыр тхын сухыху си стIолыщхьэм телъащ. Мывэхэр бзэмыIу щхьэкIэ, блэкIам и хъумакIуэщ, абыхэм яхэлъщ я нэгу щIэкIам и къарур. Тхыдэм и мызакъуэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я IуэрыIуатэм щыщ теплъэгъуэ куэдми фыщрихьэлIэнущ абы. Хуабжьу щIэгъэкъуэн къысхуэхъуащ тхыдэдж, щIэныгъэлI куэдым я IэдакъэщIэкIхэр, ахэр цIыху тIощIым щIегъу, псори къедбжэкIынкъым, ауэ абыхэм фIыщIэ яхуэсщIу я цIэр тхылъым тестхащи, еджэм къилъагъунщ.

Адрей си романхэми хуэдэу, мыбы сыщетIысылIэм, си тхылъ бжыгъэм къахэзгъэхъуэн мурадкIэ селэжьакъым, атIэ тхыдэм и пэжыпIэр къэзгъэлъэгъуэнырщ къалэну зыхуэзгъэувыжар. Дызыхэлъ гущэр езым щIэдмыупскIэжу, адыгэхэр дыкъацIыхун, лъэпкъ хахуагъэм и гъукIэ лъэхъэнэр ящIэн, ди зэфIэкIхэм щыдгъэгъуэзэн хуейщ. Тхылъыр мыгувэу адыгэбзэкIи урысыбзэкIи къыдэкIынущ, къищынэмыщIауэ, ар иджыри бзэ зыбжанэкIэ дунейм къытехьэнущи, дунейм и щIыпIэ куэдым ди лъэпкъ тхыдэм и зы Iыхьэм щыгъуазэ щыхъунущ. Сыхуейщ адыгэр уафэм къызэремыхуэхар, тхыдэ Iэужь ин зэраIэр щIэджыкIакIуэхэм къащIэну. А щхьэусыгъуэм къыхэкIыу романым сноскэ куэд дыдэ хуэсщIащ. Псалъэм папщIэ «Черкесы» - жиIэу тхыгъэм хэтмэ, ди тхыдэм и къежьапIэм, дэ ттеухуауэ щIэныгъэлI цIэрыIуэхэм пасэм жаIауэ щытар кIэщIу къыщызохь. ЩIэныгъэр лей хъуркъым.

Гъэ кIуам Къэнжал Iуащхьэ деж къыщыхъуа зэпэщIэувэныгъэр зигу къемыуа щыIэу къыщIэкIынкъым - тхыдэр зэрыдмыщIэм и зэран куэд къыдокI. Сэ сыхуеящ мы романымкIэ а зауэм теухуауэ кърахьэкI хъыбар нэпцIхэр IузгъэкIуэту, псом хуэмыдэу къыдэкIуэтей щIэблэм, я пащхьэ пэжыр зэIубзу ислъхьэну.

Романым и кIэух псалъэм деж сэ щыжызоIэ адыгэхэм я адэжьхэм я хабзэр яхъумэжу ижьыжьыж лъандэрэ къызэрыгъуэгурыкIуэр, лъэпкъым и гъащIэм и щэху нэхъыщхьэр а Iэужьыр зэрытхъумэр арауэ. Хабзэм дытетым и мызакъуэу, абы и дахагъэр дуней псом къедгъэцIыхуфу, ди япэ итахэм дахуэфащэу дыпсэупхъэщ. Сыхуейщ романыр цIыхухэм, лъэпкъхэм я зэкъуэувэжыныгъэм къыхуэщхьэпэну, блэкIар ялъытэу, ди нобэм екIуу хэпсэукIыну. КъалэмкIэ псыкъуий къэстIым хуэдэу, и хьэрф къэс егупсысауэ, егугъуауэ стха романым щIэджыкIакIуэхэм сэбэпынагъ куэд къыхахыну сыщогугъ.

Къэбэрдейм мымащIэу щызиIэ щIэджыкIакIуэхэм илъэсыщIэмкIэ сохъуэхъу! ДэнэкIэ ягъазэми зэры адыгэр ящымыгъупщэу, къызыхэкIам зэрыхуэфэщэным яужь иту, нэхъыжьыфI и напщIэу дунейм тетыну Тхьэм жиIэ!

***МэшбащIэ Исхьэкъи, ар къызыхэкIа адыгэ лъэпкъми романыщIэмкIэ дохъуэхъу, и къалэм мыубзэщхъуу, лъэпкъ литературэм и жьантIэм узыншэу иджыри илъэс куэдкIэ дэсыну Тхьэм жиIэ!***

* * *

МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ Краснодар щIыналъэм хыхьэ Щхьэщэхуж къуажэм 1930 гъэм къыщалъхуащ. 1951 гъэм Адыгей педагогикэ училищэр, 1956 гъэм Горький Максим и цIэр зэрихьэу Москва дэт Литературэ институтыр ехъулIэныгъэкIэ къиухащ. КПСС-м и ЦК-м и Парт школ нэхъыщхьэм журналистикэмкIэ и факультетым щеджащ. 1949 гъэм щегъэжьауэ и тхыгъэхэр къытрадзэ. Абы лъандэрэ тхакIуэм адыгэбзэкIэ къыдигъэкIащ и усэхэмрэ поэмэхэмрэ зэрыт тхылъхэр: «ЦIыху лъэщхэр», «Си дуней», «УэрэдыщIэ»,«Вагъуэ бын», «Пшыналъэ», «Псысэ-гупсысэхэр», «Лъэмыжхэр»,«Дыгъэгъазэ», «Дыжьын уэшх», «Гъатхэ уэгум и уэрэд», «Шу мафIэ»,«Вагъуэ лъагэм и нэхупс», «Махуэбгым и дыгъэ хуабэ», «ФIым и лъагъуэ», «Тхылъищ хъу тхыгъэ къыхэхахэр», «ТхылъитI хъу усэ, поэмэ къыхэхахэр», «Зэманым и шэрхъ», «ПсынэщIэж», «СатыриплIхэр»,«Усэу тха псысэхэр», нэгъуэщIхэри. Романхэу: «Ягъеяхэм япэплъэжыркъым», «ЦIыхур тIэу къалъхуркъым», «Жэщ лъагъуэхэр», «Бзиикъуэ зауэ», «ЩIыгу хъурей», «ФIы щIэи, псым хэдзэ», «Гуащэнэ»,«Мывэ щхьэлхэр», «ГъэритI», «Хъан-Джэрий», «Ридадэ», «Адыгэхэр»,«КъуэкIыпIэмрэ КъухьэпIэмрэ», «Айшэт», «Джасус», «ЩIыгумрэ уэгумрэ щызэпыхьэм сыт щыIэр?», «Лъапсэрых», «Хэхэсхэр», «Тхылъ тIощI хъу тхыгъэ къыхэхахэр», нэгъуэщIхэри. Илъэс зэмылIэужьыгъуэхэм Мейкъуапэ, Краснодар, Налшык, Москва урысыбзэкIэ къыщыдэкIащ тхылъ куэд.

МэшбащIэм адыгэ литературэм хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я цIыхубэ тхакIуэ цIэ лъапIэхэр къыфIащащ, Кубаным гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, СССР-мрэ Урысей Федерацэмрэ я Къэрал саугъэтхэм, Шолоховым, Островскэм я цIэкIэ щыIэ литературэ саугъэтхэм я лауреатщ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и саугъэт нэхъыщхьэри кърататащ. Къыщалъхуа и хэкум и литературэм зэрызригъэужьам папщIэ абы къыхуагъэфэщащ «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» урысей орденым и 2-нэ, 3-нэ, 4-нэ нагъыщэхэр, «Лъэпкъ Зэныбжьэгъугъэ» орденыр, «Адыгейм и ЩIыхь» медалыр, Адыгэ Республикэм и Къэрал Советым - Хасэм и «Закон. Долг. Честь» дамыгъэ нэхъыщхьэр, Абхъазым къыщратащ «ПщIэмрэ ЩIыхьымрэ» орденыр, «Кубаным и зыужьыныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ» медалым и япэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ. Исхьэкъ илъэс куэдкIэ щытащ Адыгэ Хэку Советым, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм я депутату, иджыпсту УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэтщ. МэшбащIэм итхащ Адыгэ Республикэм и Гимным щIэлъ псалъэхэр. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ тхылъищэм щIигъу, урыс тхакIуэшхуэхэм я тхыгъэхэр, КъурIэныр адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ, и усэ куэдым макъамэ щIалъхьэри, уэрэд цIэрыIуэ хъуащ. И IэдакъэщIэкIхэр адыгэбзэкIэ, урысыбзэкIэ, инджылызыбзэкIэ, испаныбзэкIэ, нэмыцэбзэкIэ, китаибзэкIэ, франджыбзэкIэ, хьэрыпыбзэкIэ, тыркубзэкIэ, чеххэм, лыхьхэм, болгархэм я бзэхэмкIэ зэрадзэкIащ.

МэшбащIэ Исхьэкъ Адыгэ Республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм илъэс 54-рэ хъуауэ и тхьэмадэщ, Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэм я союзым и тхьэмадэм и къуэдзэщ, СНГ-м хыхьэ къэралхэм я ТхакIуэхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм и ГъэзэщIакIуэ гупым и унафэщIым и къуэдзэщ, УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Ипщэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм егъэщIылIауэ лажьэ Нэхъыжьхэм я советым хэтщ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэщ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием, ЩIэныгъэхэмкIэ Абхъаз Академием я академикщ. Адыгэ къэрал университетымрэ Мейкъуапэ къэрал технологие университетымрэ щIыхь зиIэ я доктор щ, Мейкъуапэ къалэм щIыхь зиIэ и цIыхущ.

И ныбжьыр илъэс 85-рэ щрикъум ирихьэлIэу Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Советым хэт ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и жэрдэмкIэ 2015 гъэр МэшбащIэ Исхьэкъ и илъэсу ягъэуваауэ щытащ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ**.



**МэшбащIэ Исхьэкъ Налшык къеблэгъащ. Абы бгъэдэтщ** *(ижьымкIэ къыщыщIэдзауэ)* **МафIэдз Сэрэбий, Къэрмокъуэ Мухьэмэд, Зумакулов Борис, Бицу Анатолэ.** *1990 гъэ*

# ПащIэ Бэчмырзэ къызэралъхурэ илъэси 165-рэ ирокъу

## Уахътыншэ



**Зэгуэр цIэрыIуэу щытащ адыгэ джэгуакIуэхэр. Абыхэм папщIэ Горький М. итхыгъащ: «Кавказым, Къэбэрдейм, джэгуакIуэхэм - цIыхубэм я усакIуэ екIуэлIапIэншэхэм - ущрихьэлIэу зэрыщытрэ куэд щIакъым. Мис абыхэм ящыщ зым и къалэнымрэ и къарур здынэсымрэ къызэриIуэтэгъар: «Сэ зы псалъэ закъуэкIэ, - жиIащ абы, - къэрабгъэр хахуэ, цIыхубэм къащыж сощIыф, дыгъум и хьэлыр зыхызогъэн, цIыху сощIыж, напэншэр си пащхьэ къиувэфынкъым, икIагъэми фIеягъэми сэ срабийщ...»**

ЗИ ПСАЛЪЭМ апхуэдиз пщIэ иIа, зи усэм апхуэдиз къару бгъэдэлъа пасэрей адыгэ усакIуэхэм я иужьрей щIэблэм къыхэхъукIащ ПащIэ Бэчмырзэ. Бэчмырзэ и усэм ихъумащ адыгэ джэгуакIуэ цIэрыIуэхэм ябгъэдэлъа художественнэ къарумрэ дахагъэмрэ, гуащIэмрэ къабзагъэмрэ. Бэчмырзэщ пасэрей адыгэ усэм и шыфэлIыфэр, и хабзэхэр, и щапхъэ гъуэзэджэхэр ди деж къэзыхьэсар. Ар сыт хуэдэ щапхъэми щынэрылъагъущ Горький Максим и псалъэм. Бэчмырзэ и усэри апхуэдабзэу гуащIэу, къабзэу, гущIэм зыпхидзу зэрыщытыр хэт дежкIи нэрылъагъущ. Нэрылъагъущ а усэр лIэщIыгъуэ Iэджэм къапхыкIа акъылкIэ зэрыгъэнщIар, абы адыгэбзэ шэрыуэр зэридамэр.

Адыгэбзэм и IэфIыпIэмрэ и къарумрэ къыщIэзыгъэлъэф, абы хэлъ шэрыуагъэмрэ гуащIэмрэ телъыджэу зыгъабзэ усакIуэщ ПащIэ Бэчмырзэ. Арагъэнщ абы и усыгъэхэр цIыхубэм япхъуатэу щIыщытар: абыхэм я нэхъыбэр цIыхум гукIэ ящIэ, уеблэмэ псалъэжь, псалъэ шэрыуэ хъужауэ къогъуэгурыкIуэ. Апхуэдэ щIыхьрэ лъапIэныгъэкIэ цIыхубэр дэтхэнэми хуэупсэркъым. Апхуэдэр зи натIэ хъур, апхуэдэ насыпыр зыхэзыщIэр цIыху цIыкIум и гущIэм къипсэлъыкI усакIуэрщ. Шэч хэлъкъым ПащIэ Бэчмырзэ апхуэдэ усакIуэхэм - лъэпкъым и щIасэ усакIуэ щэджащэхэм - зэращыщым.

ПащIэ Бэчмырзэ и Iэдакъэ къыщIэкIа дэтхэнэ усэри гъэнщIащ гъуэгуанэ кIыхь зэпызыча, гъащIэм и гугъуи и IэфIи зыхэзыщIа, художественнэ псалъэм и къарур зи гущIэм зыпхидза цIыхум и акъылрэ и гупсысэкIэ.

Пасэрей усакIуэхэм къызэранэкIа хабзэ-бзыпхъэхэм я закъуэкъым Бэчмырзэ и усэм гъуазэ хуэхъуар. Шэч зыхэмылъыжщ ПащIэм и усэр зэрыбжьыфIэр ди лъэхъэнэм и нэпкъыжьэхэр, дамыгъэхэр, щапхъэхэр ару зэрыщытым. Бэчмырзэ ахэр щIэрыщIэу егъэпсыж, усэм и дэтхэнэ пкъыгъуэри зэманым щыпашэ гупсысэхэр Iуэтэным хуеуэзэд. Аращ ПащIэм и усэр нобэм щIиблагъэ дыдэр; ар я нэхъ усэ «щIэрыпсми» къарурэ дахагъэкIэ поуэ, я нэхъ «зыкъизых» фащэхэми фагъуэ щIэхъукIыркъым. АркъудеймкIи нэрылъагъущ лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ къыдэгъуэгурыкIуэ художественнэ Iэмэпсымэхэм нэмыплъ епт зэрымыхъунур, IэкIуэлъакIуэу къэбгъэсэбэпмэ, ахэр нобэм и купщIэр къриптIэщIынкIэ Iэмал гъуэзэджэу зэрыщытыр.

Бэчмырзэ и усэм и пщIэмрэ и мыхьэнэмрэ щыплъытэкIэ, зыщыгъэгъупщэн хуейкъым ар цIыхубэм и гущIэлъапсэм къипсэлъыкI, абы и гукъеуэмрэ гуауэмрэ кууэ зыхэзыщIэ, IупщI дыдэу зыIуэтэф усакIуэу зэрыщытар. Апхуэдэ усакIуэм и гур зэи мыужьых мафIэщ, зи бзийр зэи мыункIыфI, зи хуабэр зэи мыкIуасэ нэхугъэщ, сыту жыпIэмэ ар езы цIыхубэм игущи. ЦIыхубэм и гур нэщI щыхъуа къэхъуакъым, ар сыт щыгъуи гъэнщIащ угъурлыгъэрэ дахагъэкIэ, IэфIыгъэрэ къабзагъэкIэ.

Пасэу къыщцыушащ Бэчмырзэ и гущIэм япэ пшыналъэр. УсакIуэм хуэзэу щыта гуэрым Бэчмырзэ мыр къыхуиIуэтэжыгъащ: «...Ар къызэрыхъурэ куэд щIащ, сэ хъыджэбз гуэр фIыуэ слъагъурт... сэ сыкъулейтэкъым, хъыджэбзыр унагъуэ къулей къыхэкIат. Сылъыхъури, къызатакъым... Къесхьэжьащ, аршхьэкIэ страхыжащ. СыбампIэу щIэздзащ, си щхьэм мыгъуагъэ хуэсхьыжащ... Махуэ гуэрым, бампIэм сиубыдауэ, кхъэм сихьащ, дунейм ехыжа си шыпхъум и кхъащхьэм зытезубгъуэри сыгъыурэ сыIурихащ...Пщыхьэщхьэ хъуауэ сыкъызэщыури - зэрыхъуари сщIэркъым - гъыбзэ сыусу сыхуежьащ...»

Бэчмырзэ и закъуэтэкъым бампIэр-бампIэм ихьырт усакIуэми жыIауэ, «къыр дурэшхэм лъапцIэрыщэу дахуэжа» гуащIэрыпсэухэри. Абыхэм я губжьымрэ бампIэмрэ Iуэтэнырщ Бэчмырзэ и усэр къызыдэушар.

Гъуэгуанэшхуэ зэпичащ а усэм, лIыныбжь и нэгу щIэкIащ. ГъыбзэкIэ къыщIидзэри, Бэчмырзэ и усэр нэсащ цIыхубэм я гупсысэ жаныр щыхъуэпскIа зэман телъыджэм.

Бэчмырзэ и усэр гъэнщIащ езыр зыщцыпсэуа дунеймрэ зэманымрэ я пэжыпIэкIэ. ЛIыныбжь къэзыгъэщIа усакIуэ щэджащэм и нэгу щIэкIащ мэкъумэшыщIэ къулейсызым и дуней Iыхьэр, и щхьэкIэ игъэунэхуащ а дунейр IэфIрэ дыджрэ. Пасэ дыдэу зыхищIащ абы лIыщIапIэм ит цIыху гуащIэмащIэм и «насыпыр». А «насыпым» къыдэушащ Бэчмырзэ и усэр.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.**

## Усыгъэхэм щыщ IэрытхитI

**● Налкъут кIанэхэр**

Дэтхэнэ зы лъэпкъми и тхыдэм иIэщ къызэтрамыха напэкIуэцI куэд, ауэ адыгэм и тхыдэр къызэIуамыха тхылъщ. Абы и щыхьэт наIуэщ ПащIэ Бэчмырзэ и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ. Дыджт Бэчмырзэ и натIэм кърихтар. Езым и гъащIэм хужиIэжа хуэдэт: «ЦIыху натIэм итыр щратхъыж махуэщ». А цIыху щэджащэм и гъащIэр, псом хуэмыдэу езым итхар и кIэм нэсу къэхута хъуауэ тхужыIэнукъым, абы теухуа тхыгъэ щхьэхуэхэр щыIэ пэтми: Шортэн А., Теунэ Хь, Нало З., Пщыбий И., КIурашын Б., сымэ я тхыгъэхэр. ПщIэ лей яхуэфащэщ Пщыбий Иналрэ КIурашын БетIалрэ. Ауэ мы зэм зи цIэ къитIуэхэм къагъэлъэгъуар ПащIэ Бэчмырзэ и творчествэм теухуауэ зы нэзщ. Нобэр къыздэсым а цIыху телъыджэм и гъащIэри и тхыгъэм и пэжыпIэри щыубзыхуауэ адыгэ литературэм тхыгъэ хэткъым. Нэхъ зэгъэпэща хъуа тхылъыр къыщцыдэкIар 1963 гъэрщ, Шортэн Аскэрбий игъэхьэзырауэ. А тхылъым и ужькIэ куэди къагъуэтыжащ, дымыщIэ зыбжани наIуэ къэхъуащ, ауэ иджыри къыздэсым зыри хунэсакъым а тхыгъэхэр зэхуэхьэсауэ дунейм къытригъэхьэну. ПащIэ Бэчмырзэ и творчествэм езы адыгэхэр нэсу щыгъуазэкъым, дуней псом ар дауэ къацIыхун?!

КъБНИИ-м и архивым хэлъщ ПащIэ Бэчмырзэ и литературнэ щIэиным щыщу къэнэжар, Теунэ Хьэчим зэрытригъэчыныхьымкIэ, ар сатыр минитI хъужуращ, мин I4-м щыщу. А фондым хэлъщ Бэчмырзэ и Iэрытхыу къэна тIэкIури: усыгъитIым я пычыгъуэхэр.

Ауэ мы пычыгъуитIым я гугъу тщIын и пэ къихуэу, нэгъуэщI зыгуэрми сытепсэлъыхьынут. Адыгэ интеллигенцэ жыхуаIэм ящыщ гуэрхэм лъабжьи щхьэкIи имыIэу ирагъэкIуэкI ПащIэ Бэчмырзэ щIэныгъэншэу щытауэ. Мызэ-мытIэу Нало Заур тепсэлъыхьащ а псалъэмакъ мышум кIэ етын зэрыхуейм, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, езы Нало Заур зэпкъырыхауэ иубзыхуркъым апхуэдэ псалъэмакъым кIэ зэрептыну щIыкIэр. Девгъэплъыт Бэчмырзэ зыпыщIауэ щыта цIыхухэм, нэхъ и кIуапIэу щытам.

(Ар иджыри тхылъ зэтрамыхащ). Бэчмырзэ ныбжьэгъу пэжу иIар Лъеиншэ Мысостщ. Мысост Санкт-Петербург дэт университетыр юристу къиухауэ щытащ, щIэныгъэлIт, уэркът. Шэч хэмылъу, Бэчмырзэ урысыбзэкIи тхэуэ езыгъэсар Лъеиншэ Мысостщ. Езы Мысост ныбжькIэ фIыуэ нэхъыжьми, Бэчмырзэ ныбжьэгъу пажэу илъытэрт («...Бэтэгъэ лъэгум фызыжьхэр щобгэ, Лъеиншэ ябгэр зэрызимыIэт...»)

АдэкIэ, ПащIэ Бэчмырзэ и адэшхуэ Аслъэнбэчышхуэ - хьэжыкIэ зэджэр (ГъуэгунокъуэкIэ еджэуи щытащ), Къэбэрдейм и закъуэ мыхъуу, хьэрып лъэныкъуэмкIи къыщацIыху еджагъэшхуэт, КъурIэныр къабзэу зэридзэкIыфырт, хьэрыпыбзэр фIыуэ ищIэрт. Бэчмырзэ и къуэш нэхъыжь Хьэжмырзэ хьэжышхуэт, мызэмытIэу хьэжыщI кIуауи жаIэж. ПащIэм и анэ къилъхуауэ (Бэчмырзэ къэзылъхуар Слъонхэ япхъут) адэкIэ зырызу къуэшитI езым нэхърэ нэхъыжьу яIащ: Щэмел-хьэжырэ Хьэжумаррэ, - тIури еджагъэшхуэт, хьэрыпыбзэрэ тыркубзэрэ къабзэу ящIэрт, КъурIэныр тыншу адыгэбзэкIэ зэрадзэкIыфырт. Зыми шэч къытрихьэу ди гугъэркъым ПащIэ Бэчмырзэ академик С. Н. Джанашиарэ я зэныбжьэгъугъэм. Дигу къэдывгъэгъэкIыжыт: «Кавказ Гупэм сыкъикIыжа къудейщ. Сэ сыщыIащ Къэбэрдейми Дагъыстэнми Нартан къуажэм сыщыIащ. Абы сыкIуэнкIэ щIэхъуар зы лIыжь гуэрым и гъащIэр зэрысфIэхьэлэмэтырщ. ПащIэ Бэчмырзэ ипэжыпIэкIэ гу зылъозыгъатэ цIыхущ. Илъэс 72-м и ныбжьыр итщ... Усыгъэм пылъщ, астрономием щыщ гуэрхэми я Iуэху зэрехуэ. Дэ тIур апхуэдизкIэ ныбжьэгъу дызэрызэхуэхъуар псалъитI-щыкIэ жыIэгъуейщ...»

АтIэ дауэ жыпIэ зэрыхъунур ПащIэр щIэныгъэншэу щытауэ, апхуэдэ цIыхухэм ябгъурыту е къыщхьэщыту къэгъуэгурыкIуауэ? Дауэ апхуэдиз акъылрэ губзыгъагъэрэ зыбгъэдэлъа цIыхур набдзэгубдзаплъэу щымытауэ зэрыпIуэтэнур? Псори къыдогъанэри, дауэ щIэныгъэ лъэпкъ зыбгъэдэмылъ цIыхур тIысу езым зэхилъхьэжа алыфбейкIэ зэрытхэфынур?! Бэчмырзэ и тхыгъэхэр газетхэм ихьу щытащ трыригъэдзэну (еплъ ПащIэм и зэманым псэуахэм я гукъэкIыжхэм). А жытIа псом къикIыр мыращ: ПащIэ Бэчмырзэ урыс алыфбейри латинри къигъэсэбэпурэ тхэрт. Мыбдеж дэ зыгуэр къэдгупсысу е хуэдгъэфащэу фи мыгугъэ: ди краеведческэ музейм щахъумэ Бэчмырзэ и тхыгъэ зытет тхылъымпIэ кIапэхэр; а тхыгъэхэм, урысыбзэкIи адыгэбзэкIи тхахэм, ПащIэм урыс алыфбейр къыщигъэсэбэпащ. Латин алыфбейри ПащIэм, шэч хэмылъу, ищIэрт, латин хьэрфкIэ Къэбэрдей псор тхэуэ щыщытакIэ, Бэчмырзэ абы зэрыблэмыкIынури гурыIуэгъуэщ.




Ауэ хьэрыпыбзэр ПащIэм фIыуэ зэрищIэу щытам зыми шэч къытримыхьэми хъунущ. Абы и щыхьэтщ ПащIэм и Iэрытх КъБНИИ-м щIэлъыр. Мы тхыгъэм Бэчмырзэ къыщигъэсэбэпащ хьэрып алыфбейр.

ЗэрытщIэщи, лIы Iущ куэд елэжьащ адыгэ алыфбей зэхалъхьэну: урыс, хьэрып, латин хьэрфхэр лъабжьэ хуащIу. Апхуэдэу Цагъуэмрэ Дымымрэ хьэрып алыфбейр и лъабжьэу адыгэбзэкIэ газет, тхылъ къыдагъэкIыу щытащ. Ауэ ПащIэ Бэчмырзэ адыгэбзэм и алыфбей зэхилъхьар Цагъуэмрэ Дымымрэ яйм зыкIи зэрыбгъэдэмыхьэр нэрылъагъущ. Мис мы Iуэхугъуэми теухуауэ ди щIэныгъэлIхэм зыгуэр ящIэну хуеймэ - зи щхьэ темыча кIадэщ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Фрося.**

**ХЬЭIУПЭ ДжэбрэIил**

### УситI, си адэшхуэм и фэеплъу

* * *

I

**Бэчмырзэ мазэм мызэ зэреплъар,**
**И плъэкIэ нэхур пшэхум хэджэгукIыу.**
**Бэчмырзэ зэи хьэлу хэмылъа**
**Зыхэплъэ хьэршым зэшу теплъэкъукIыу.**

**Бэчмырзэ мазэм мызэ зэреплъар,**
**Езыр щихушхуэу щIышхуэм нытекIыкIыу.**
**ЩыукIытэжу и гум IэфI илъам,**
**Iурылъ и псалъэм гугъэр, псэр хипIыкIырт.**

**Бэчмырзэ мазэу езыр къэунэхут,**
**Игу щылыд щэхухэр цIыхум ялъэIэсым,**
**Насыпыр, дауи, цIыхум укъищIэхущ!**
**И махуэр жэщ къищIыжырт къырапэсым.**

II

**Щагъэсым «Дыщэ пхъуантэр» - уафэр гызт,**
**КъатибгъукIэ зэIэбэкIти, уи псэм лъыхъуэрт,**
**Къэпхъуэпса псор иджы мо хьэршым изщ!**
**Зэм пшагъуэу, гъуэзу къыдохьэж Жэмжьыкъуэ.**

**Псэ къабзэ зиIэм лъэпкъыр хуэмысакъ!**
**Хунагъэсакъым Алий и тхьэрыIуэм...**
**ЗэIуха и гур хашэу емысат!**
**ЩIэхъуэпсти уафэм зыхуишийт тхьэрыкъуэу.**

**Бещтокъуэм нобэ жылэ хухэфсар**
**Сатыр зырызу хьэршым хеухуанэ,**
**Анэдэлъхубзэм фэ къыхуэфхъуэпсар**
**Псэм къабзэу щезыр, мазэр и кхъузанэу.**

* * *

**Сядэшхуэм Iущащэу къикIуххьырт,**
**Хьэрш гъуэгур щIыунэм щиубзыхут,**
**Iумахуэт, акъужьу гум дыхьэ**
**И псалъэм салъкъыныр къыхихут.**

**Гупсэхуу псы фалъэ ефамэ,**
**Фэрныплъу и щIыфэр дэтхытхт.**
**Дыхьэшхым е мащIэу гуфIамэ,**
**И нитIым псэ хъуахуэ къыщIихт.**

**Зэхихт къиIущэщыр щиху щхьэкIэм,**
**АмкIыщу пэджэжырт дунейм.**
**Уэрэдым гыз макъыу къыщыпкIым**
**И хъуаскIэм дэпщIыпщIт алыфбейр...**

**Беящ Къэбэрдейр сыт ищIыскIи!**
**Иджы къэнэжам езгъэу псэр**
**Жэщ-махуэ къэсыхукIэ къыщIэскIэм**
**Уэзджынэу поджэж сIурылъ бзэр.**

*1990*

**ПАЩIЭ Бэчмырзэ**

* * *

**Зэманыр псынщIэу йокIуэкIыр,**
**И гупкIэм дисы дыздешэр.**
**Гъуэгу быркъуэшыркъуэу дыздэкIуэм**
**ДеудынышIэ мычэму.**
**А гупхэм дису дыздэкIуэм,**
**Дыкъыпыхунущ зэгуэрым.**
**А щIыгу сызытехуэм и дежыр**
**Къызахъуэжынущ сэ мащэу.**
**Абдеж щIалъхьэнущ си хьэдэр**
**ДыркъуэщIэ щIыщхьэм ищIынущ.**
**ХъуэпсапIэ дапщэ сиIами,**
**IэщIыб абдежым щыхъунщ!**

* * *

**Лэгъунэ пэшу дуней дахащэр**
**Щхьэхуещэ гупым зэтыракъутэ,**
**Утыку ихьамэ - хьэуэ зэрошх,**
**Шхыдафэ защIурэ пэжыр щIахъумэ.**
**Iэнэ техъуахъуэ-Iэнэ техъуанэщ,**
**Апхуэдэр куэдщи цIыхур токIуадэ!**
**Апхуэдэ гъащIэм си хьэр тиджагуэ,**
**Апхуэдэ уджми сыхыремыхьэ.**
**Уей зэманыжьурэ шыдыгъужь кIуэкIэ,**
**ЕмыкIур екIуу зылъытэ,**
**Тутыр къуршыр IейкIэ уогъэтхъу,**
**Уэ уи хъыринэм ещIэр мэунэхъу.**
**Хъун лъэпкъ жомыIэу гъащIэр соух,**
**Си хьэдырыхэри къысхуогъэIэгъуэ.**

### УIущмэ, жэщми гупсысэ

**У-Ленин Iущмэ, жэщми гупсысэ,**
**Дыгъэр къыщепскIи умыуфIыщI.**

**Сталин гупыр зыбгъэдомышэ,**
**Дызыхуашэнури сыткIэ къэпщIэн?**

**Къалмыкъ и къуэжьыр мы ди псэм**
**къощэ,**
**Фонащэ мыхъукIи зыдегъэгъэнщI,**

**ЗанщIэр уи гъуэгумэ, уи гуп сыхэшэ,**
**Гъуэгум сытепшмэ, зыкъомыгъазэ.**

**Чэбэм зигъазэми уапэмыуви,**
**Мо лей къэзывхэм домыгъэдаIуэ.**

### Жыгыр къэгъагъэмэ дыщогуфIыкI

**Дунеижьыр Iейщи, къызэтокъутэ,**
**Ядэзыкъутэми ар и IэнатIэщ.**

**ЦIыху натIэм итыр щыратхъыж**
**махуэщ,**
**Тхьэм и гъэмахуэри зымыдэж**
**лIакъуэщ.**

**Аслъэным и къуэри зэрагъэшынэщ,**
**МаршынэрыуэкIэ Налшык къахьыж.**

**Уанэмрэ джатэмрэ щыфIадзэж**
**махуэт,**
**ЛIыгъэ щагъэунэхури пылимотышэщ.**

**Пашэ къытхуащIри Ленин къыфIащ,**
**Зи фIэщ мыхъуахэри къытхуегъэтут.**
**ИжькIэ тесахэри къырегъэпсыхри,**
**Я псэр щыхихкIэрэ пащтыхьыр йощ.**
**Назир къыкъокIри чытап къытхуоджэ,**
**И адэр кIэлъыджэурэ и къуэр ныдеш!**

**И псэр уотхьэкъури зауэм хыбошэ,**
**ДыкъыщыпшэжкIэрэ сытыр**
**Iэрылъхьэ?**

**Си хьэсэр совэри жылэр тызосэ,**
**Мы дуней къавэми сытыр тепса?**

**Ди пщыр къепсамэ, дымытэджыж,**
**Джатэр къыщитхми уи цIэр жыдоIэ.**

**Я щIымрэ псымрэ**
**къытхуогъэлъагъуэ,**
**Мэчэм и лъагъуэми дыкъытыбош.**

**Жыгыр къэгъагъэмэ дыщогуфIыкI,**
**КъыпыкIэн тIэкIумкIи тхьэм дыщогугъ.**

**СыткIэ дыгугъэрэ, Къэтхъэным**
**и къуэ?**
**Къэзакъым и къуэм уи щIыб**
**хуомыгъазэ.**

* * *

**Къэрабгъэр щIэшынэр ажалщ,**
**Хьэлэлыр зэрыпщIэр и хабзэщ,**
**Губзыгъэр зэрыпщIэр и Iуэхущ,**
**Делэм куэд ищIэу къыфIощI.**
**ЗымыщIэр егугъумэ, цIыхуфIщ.**
**ЗызыфIэщI къэпIэтмэ, пщы зещI.**
**Зи щIыпIэ хуэубэ бгъуэтынкъым,**
**Дыкъмыкъыр егбъафэм, мэудафэ.**
**Унафэр Iущмэ, захуагъэр къехь.**
**Iыхьэ зимыIэр мылажьэрщ.**

* * *

**Ныбаблэр умыгъэгуашэ,**
**Уи япэ джэлам ущIэмынакIэ,**
**Уи кIэ къихуэр ауан умыщI,**
**УмыщIэ Iуэхум щытхъу хуомыщI,**
**ЗыхомыщIыкIым утемыпсэлъыхь,**
**ПщIэ зыхуэпщIыр къыпщхьэпэнщ.**
**ЦIыхур Iущым жэрдэм дэщI -**
**Ахэр гъащIэм и хабзэфIщ.**

## «Бэчмырзэ и мывэ»

**Тыркум Iэпхъуэжа адыгэхэм я Iуэхур щыгугъам къыщыщIидзакъым. Абыхэм я щхьэр здахьынур ямыщIэу къэнащ. Къэралым щытепщэ феодально-крепостническэ зэхущытыкIэм гуащIэрыпсэухэм къахуихьыр мыгъуагъэт. Езы Тырку дыдэр къапщтэмэ, и щхьэ игъэпсэужыфыртэкъым ар зэрыт экономическэ, политическэ щытыкIэ хьэлъэм къыхэкIыу. ПсэукIэ мыгъуэр, псэукIэ дыджыр щахуэмыхьыж щыхъум, адыгэхэр щалъхуа я хэку къеIэжу щIадзащ. Гува-щIэхами Тыркур псэупIэ зэрахуэмыхъунур къыжаIэу адыгэ иIэпхъукIахэм къахэкIа къулыкъузехьэхэм, щIэныгъэлIхэм зэкъым-тIэукъым псалъэмакъ къызэраIэтар, ауэ абыхэм я Iуэхум къикIа щыIэкъым, жаIэр щыжаIэм къыщынэжа мыхъумэ. Апхуэдэ щытыкIэм къыхэкIкIэ Тыркум щыпсэу адыгэхэм ящыщ зыкъомым нэгъуэщI хьэрып къэралхэмкIэ зрагъабэ. Зыкъомыр Сирием, нэгъуэщIхэр Иорданием мэIэпхъуэ. КъыжыIэн хуейщ адыгэхэм «я кIэн» мы къэралхэм къызэрыщимыкIар. ПсэупIэу къыхуагъэфэщар, хапIэу кърататар щIы пшахъуалъэт.**

АБЫИ ПащIэ Бэчмырзэ щыхьэт темыхъуэу къэнакъым.

1969 гъэм и август мазэм Дамаск щыпсэу адыгэ щIалэ Хасан-Али паша (и унагъуэцIэ дыдэр Гъуэгунокъуэщ) хъыбар зэрыдигъэщIащи, Бэчмырзэ Тыркум щилъэгъуамкIэ арэзы мыхъуу, Сирие къэралымкIэ иунэтIащ, ар псэупIэ зыхуэхъуа адыгэхэм «яшх», «я дуней», «я натIэм кърита» зэхихуну. Гъуэгу зытетар умыбжмэ, ПащIэр Сирием зэрыщыIар зы тхьэмахуэ зэхуакущ. Бэчмырзэ Сирием щыкIуам япэу цIыхугъэ къыхуэхъуари иужькIэ зи хьэщIари Хьэнзиуан жылэм и унафэщI, абы и тхьэмадэ ТIамыжьыкъуэ Хьэжыщ. Бэчмырзэ и саулыкъукIэ ТIамыжьыкъуэ ерыскъы Iэнэ иIэтащ икIи адыгэ жылэ къедзахэм хъыбар ирегъащIэ «адыгэпс ефа цIыху» хьэщIэу зэриIэмкIэ. «Ду» жиIэу жылэр зэхуос. УсакIуэр хуабжьу къагъэлъапIэ. Иужьым Бэчмырзэ гъусэ иIэу шыуанэ зэтелъкIэ Сирием щыIэ адыгэ къуажэхэр къызэхекIухь. Псалъэм папщIэ, ПащIэр щыIащ Хъышней, КъунэтIырэ, Хьэнзиуан, Барикъэ жылэхэм.

Сирием зэрыщыIэн хуей пIалъэр къыщысым, ПащIэр гъуэгу къытоувэж. И хэкуэгъухэм сэлам ярихыжкIэрэ, Бэчмырзэ абыхэм яжреIэ: « ХапIэу къыватар, фытепсэухьыну фызыщыгугъыр щIыгу хъарзынэкъым, иджыри къэс цIыхуIэ зэмыIусащ, ямылэжьа щIыпIэщ. ЩIы щхьэфэм щIыуэ телъыр мащIэщ, щIыпIэр мывалъэщ, и лъэгум псыр пэжыжьэщ. А сэ сывгъэлъэгъуа щIыгум жыжьэ фынихьэсынкъым. Мывэщ, мывэщ, дэнэкIэ бгъазэми мывэщ». Къызэхуэсахэм я Iуэху зытет ирипсэлъэну усакIуэм ахэр къегъэгугъэ икIи икърар ещI къызэрелъэIуа псомкIи лъэкI къимыгъанэу, къалэн къыщащIар зэрыхузэфIэкIкIэ игъэзэщIэну. IуэхутхьэбзэкIэ ПащIэм зыкъыхуэзыгъазэхэм ящыщщ ТIамыжьыкъуэ Хьэжы, Жэмыхъуэ Сэфэрбий и адэр (лIым и цIэр къытхуэщIакъым), нэгъуэщIхэри. Къущхьэ Мыхьмуд-кIыхь къызэриIуэтэжымкIэ (Мыхьмуд нобэ зи ныбжьыр ныззэрыхьэса адыгэ лIыжьщ. Дамаск щопсэу), мыбыхэм я Iэпхъуамбэшхуэхэр мыхъур папщIэу тегъэуащ Бэчмырзэ къыздихьа письмохэм, лъэIу, тхьэусыхафэ тхылъхэм.

ПащIэ Бэчмырзэ Сирием щыщыIам здэкIуа адыгэ жылэхэр иджырей административнэ гуэшыкIэмкIэ зыхиубыдэр Джолан щIыпIэрщ. Мы щIыпIэм зэи адыгэхэм я псэ щагъэтIылъакъым. Псом хуэмыдэу хъерыншэ щIыгур Хъышней здэщысымрэ абы и Iэшэлъашэхэмрэщ. Хадэ халъхьэну, гъавэ щащIэну щыхуежьэкIэ, Бэчмырзэ и псалъэхэу «Мывэщ, мывэщ, дэнэкIи мывэщ» жыхуиIар хъышнейдэсхэм куэдрэ ягу къокI, уеблэмэ Хъышней щIыналъэм, абы къедза щIыпIэ гуэрым цIыхухэм фIащауэ зэреджэр «Бэчмырзэ и мывэщ».

**ПЩЫБИЙ Инал,**
*профессор.*

## Псалъэгъэпсахэр

### ЩIэнакIэ

***УсакIуэм ипхъу Локъан пхъэ икъутэу, щIалэхэр Iуэхуншэу зэхэсу, Бэчмырзэ пхъэ къишауэ щыдыхьэжым, пыгуфIыкIри мыр жиIащ:***

ЛIыжь жьакIэхум пхъэ къырагъашэ,
Хъыджэбз зишэгъуэм ирагъэкъутэ,
ЩIалэ ут гупым ирагъэгъэс.

### ЩIалэхэм зэреущие

***Бэчмырзэ игу иримыхьын щIалэхэм ядилъэгъуам, ящIэмынакIэу, мыпхуэдэу еущиенкIэ хъурт:***

Къомыджэ гуп умыкIуэ,
ЩхьэхуэкIуэ фадэ уемыфэ,
Къэфэрей Iэгу ухуемыуэ!

### Хъыджэбзхэм зэреущие

Псалъэу дыхьэшхыж,
Шхэуэ зи дзэ зымылъэщIыж щIалэ фыдэмыкIуэ!

### Къылышбий жылэм яхужиIар

***Къылышбий къуажэр 1865 гъэм щызыгуагъэхьам щыгъуэ хьэблибл хъууэ щытащ, абы щыщу къэнэжар мыращ:***

Агъзыгъейр мэдыгъуэ,
Къылышбий хьэблэр йоджэ,
Хьэуд къуажэр мэджэгу,
Къесын хьэблэр мэлажьэ,
ГъукIэжьейр мэгъуэгурыкIуэ.
**Мыри:**
Агъзыгъейр ефэнджы хуэмыщщ,
Iэхъуэ зэхъуэкIщ,
Джэдэщ хуеплъэкIщ,
Шы лъэгу щIэплъыж
(дыгъуэ жыхуиIэщ).



Бэчмырзэрэ ЩоджэнцIыкIу Алийрэ. *1930 гъэ*



ПащIэ Бэчмырзэ. *1936 гъэ*




● Псалъэ пэжхэр

# БлэкIар IэфIамэ, хуэщI гукъэкI

♦Тхыдэм пэжыр наIуэу къимыIуэтэфмэ, ар тхыдэ нэпцIу аращ.
♦Лъагъуныгъэр цIыху псоми яэзэхуэдэщ, аращ абы псоми зэхуэдэу щхьэщэ щIыхуащIри.
♦Уэсым хуэдэу щIыIэ, зэзым хуэдэу дыдж анэнэпIэсым нэхърэ нэхъ Iеижщ ухэхэсу гъащIэр пхьыныр.
♦Уэ фIыуэ плъагъур лъагащэщи, улъэIэсыркъым, уэ укъэзылъагъур пфIэлъахъшэщи, къапщтэркъым. Мис аращ ямышэрэ къэзымышэрэ къызыхэкIыр.
♦Зи щхьэм фIыимылъым ижьэм фIы зэи къыжьэдэкIынукъым.
♦ДыгъуакIуэм зэрыдыгъуэр и лэжьыгъэу къелъытэ.
♦Гуащэр тIысауэ игуэшырт дыгъэр: и пхъум хуигъазэр бжьыхьэ дыгъэрт, и нысэм хуегъэфащэ гъатхэ дыгъэр.
♦Унагъуэм щумыгъэса сабийр уэрамым щыбгъэIущыну уемылIалIи нэхъыфIщ.
♦Шы узытесым и шхуэIур тэкIу къэлэлауэ къызэрищIэу, здыхуей дыдэмкIэ макIуэ, апхуэдэ дыдэщ унафэщI мыхьэнэншэхэм я лэжьакIуэхэри.
♦НыбжьэгъуфI дыдэкIэ узэджэнур пэжыр къыбжезыIэфымрэ ар уэ зыжепIэфымрэщ.
♦Лэжьыгъэмрэ щхьэхынэмрэ зэрылъагъу хъуркъым: лэжьыгъэр щхьэхынэ хуэныкъуэкъым, щхьэхынэр лэжьыгъэ хуеиххэкъым.
♦Адакъэ мыIуэр адакъэпщ ящIыркъым, лажьэу емысар унафэщI пхуэхъунукъым.
♦БлэкIар IэфIамэ, хуэщI гукъэкI, ар пхуэдыджамэ, хуэщI гущыкI.
♦ЩIыхуэ къэпщтар щыпшхым деж IэфIыщэщ, щупшыныжкIэ дыдж Iейщ.
♦Зы гушыIэр куэдрэ къытрагъэзэжмэ, гущыкI мэхъу.
♦Зы лъэбакъуэ зычам къыкIэлъыкIуэри кIэлъеч.
♦ЦIыхум и уасэр сомкIэ къапщыркъым, атIэ и цIыхугъэмкIэщ къызэралъытэр.
♦Псыр псэхэлъхьэж къудейкъым, ар икIи псэхэхщ.

**КIУРАШЫН Алий.**
*ХьэтIохъущыкъуей къуажэ*

● Абхъаз щIыналъэ



**ИлъэсыщIэ ажэгъуэмэ. Новый Афон (Абхъаз щIыналъэ) дэт Анакоп Iуащхьэм тет быдапIэм деж.** *2019 гъэ, щIышылэ. Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Шхыныгъуэхэр

# Нартыху лэкъум, кIапэ жьахуэ хэлъу

Нартыху хьэжыгъэ ухуэнщIам и кур къратхъури, бэлагъкIэ зэIащIэурэ, шыгъу зыхэдза псывэ хакIэ. Апхуэдэурэ къыркуэ хэмылъыжыху, хьэжыгъэр псыкIэ зэлъэIэсыху япщ. Тхьэв пщар тIэкIу ягъэупщIыIури гуэдз хьэжыгъэ щIапщэ, тхьэвыр хьэзыр хъуху IэкIэ япщ. ИтIанэ абы пщагъэ гъэткIуа хакIэри, аргуэру тхьэвыр фIыуэ япщыж. Тхьэвым щэкI къабзэ трапхъуэри, къэтэджын щхьэкIэ сыхьэтищ хуэдизкIэ щагъэтыну хуабапIэ ягъэув. Тхьэв къэтэджам щэ гъэвэжахуэ ущэбар хакIутэри, аргуэру щIапщэж. Тхьэвым Iэ псыфкIэ къыгуачурэ чыржыным ещхьу ящIри, тебэкIэ ягъажьэ, лъэныкъуитIымкIи тхъуэплъ хъуху. Пщтыру яшх, шэм, шхум, къалмыкъ шейм драф.

***Халъхьэхэр (цIыхуищ Iыхьэ):***
нартыху хьэжыгъэу - грамм 300,
гуэдз хьэжыгъэу - грамм 200,
пщагъэу - грамм 20,
кIапэ жьахуэу - грамм 30,
псывэу - грамм 500,
пщагъэ зэрагъэткIу псы хуабэу - грамм 40,
шыгъуу, зэрагъэжьэн тхъууэ - узыхуейм хуэдиз.

# ШэкIэ гъэва тхъуий

Шыуаным ит, шыгъу зыхэдза псы къэкъуалъэм зэIащIэурэ хакIутэ тхъуий зэхэдзар, тхъурымбэр къытрахыурэ дакъикъэ 15 хуэдизкIэ ягъавэ. Абы и ужькIэ а псыр иракIутри, зэIащIэурэ шэ гъэпщта щIакIэ, мафIэр ирашэхри хьэзыр хъуху, дакъикъи 10 - 12-кIэ, ягъавэ, зэзэмызэ зэIащIэурэ. ТхъуцIынэ халъхьэри, пщтыру яшх. ЩIакхъуэ, лэкъум дашх.

***Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):***
тхъуий - грамми 100,
псыуэ - грамм 600,
шэуэ - грамм 400,
тхъуцIынэу - грамм 20,
шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

***«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.***

● Чэнджэщхэр

# Ху хьэжыгъэр щагъэлъыркъым

♦Бжэныл ягъэгъуркъым, ягъэгъупцIу аращ.
♦Нэхъапэм Iэщышхуэм и кIапэм сэмпIалъэ къыхащIыкIыу щытащ.
♦КIэртIоф гъэжьа зэрылъ тебэм и щхьэр тепIауэ куэдрэ щыбгъэтмэ, йоуцIыныхь.
♦Мэл е бжэн къызэраубыдыр мэлыхъуэ башщ. IэкIэ къэбубыдмэ, узэIуса лыр фIыцIафэ хъууэ къалъытэ.
♦ФIагъэжу зи фэр траха Iэщышхуэм е Iэщ цIыкIум лыджанэкIэ йоджэ.
♦ПIащIэ хъуа шыпсым бажэ шыпскIэ йоджэ.
♦Джэшыр хуабапIэм щахъумэркъым, хьэпIацIэ хещIэри.
♦Къуэнтхъурей цIынэ куэд пшхыреймэ, жьэжьейр егъэкъабзэ.
♦Дэшхуэр яшхыну сэбэпышхуэщ лъы зи мащIэхэм, щыгъупщэххэм.
♦ГъэтIылъыгъэ ящIа кхъуейр яшхыну къыхаха нэужь, псы щIыIэ дагъэжэх.
♦Пхуэмышхыу къэнар хэплъхьэж хъунукъым, кхъуейр щащэ ещI, зэIегъэхьэ.
♦Шыгъу ипкIутынуи утеувэнуи гуэныхьышхуэ пылъу къалъытэ.
♦Ху хьэжыгъэр щагъэлъыркъым, дыдж мэхъури.
♦Ху мэжаджэ нэхъ щащIыр сабийм лъэтеувэ щыхуащIым и дежщ.
♦Къэб яупщIэтар е зэгуаудар ямыгъавэу е ямыгъажьэу махуитI нэхърэ нэхъыбэ щагъэлъкъым зэIохьэри.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **5**. ЩIалэ цIыкIур пщэдджыжьым ... хъуху жеящ. **6**. Псэущхьэхэм ятеухуа таурыхъ. **7**. Iэщым хузэхащIэ Iус. **9**. Пщыхьэщхьэм ... ин къыкъуэуащ. **12**. Уэшхым, дыгъэ гуащIэм ущызыхъумэ хьэпшып. **14**. Шыуанышхуэ. **16**. Къэзышагъащlэ щIалэ. **19**. Пшынауэ, уэрэдус, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист. **20**. Ди гъунэгъум мэл ... иIэщ. **21**. ТхьэкIумэкIыхьым фIыуэ илъагъу хадэхэкI. **24**. Шы къэпщIэнтIам къыщхьэщих бахъэ. **25**. ... псы кIэрыпщIэрэ? **26**. Жьэ бзаджэ зыщIэт цIыху. **29**. ЗэкъуэшитIрэ ... зыIутрэ. **30**. США-м я президент. **32**. Тонн зытхух къэзышэч псэущхьэ. **33**. Нартхэм я ныкъуэкъуэгъу лъэпкъ. **35**. ХадэхэкI. **36**. БжэIулъэ. **38**. Ахъшэ: тхылъымпIэуи гъущIхэкIыуи ди зэманым щыIэщ. **40**. Чы - ... бжьыхь. **41**. КъурIэн цIыкIу. **42**. Зи къудамэхэр теухъуэнщIыкIа жыг лъэдий гъум.

***Къехыу:*** **1**. ХъумакIуэ, къэрэгъул, ... **2**. ... мэлыхъуэ ящIрэ? **3**. ЩIымахуэ ... е гъэмахуэ ... **4**. Ди гъунэгъу, къуэш Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм я щIыналъэхэм щежэх псы. **8**. НысащIэр ... яшэжащ. **10**. Адыгэ таурыхъхэм хэт шы: хуеймэ мэпсэлъэф, хуеймэ, мэлъэтэф. **11**. Бом къыщIэIукIащ шым и ... макъ. **13**. Чей «бгырыпх». **15**. ... техьэ тенэркъым. **17**. КIыщокъуэ Алим и поэмэ. **18**. Тыркум я президент. **22**. Пщэдейрей ныбгъуэ нэхърэ нобэрей ... **23**. Дзыгъуэм и бий кIэуфIыцI, псэущхьэ дахэ цIыкIу. **27**. ГъущI гъэткIугъуафIэ: абы къыхэщIыкIа шэмкIэ фоч, кIэрахъуэ хуэдэхэр яузэд. **28**. Бдзэжьей лIэужьыгъуэ. **30**. Дон псым адыгэхэр зэреджэу щытар. **31**. Чыцэм къыпыкIэ пхъэщхьэмыщхьэ ткIыбжь хъурей цIыкIу. **34**. Къэбэрдей-Балъкъэр профсоюз зэгуэтхэм я Iэтащхьэу илъэс куэдкIэ лэжьа ... Пщыкъан. **35**. Iуэху мыублэ ... хэсщ. **37**. Сэшхуэ, джатэ, ... **38**. ГушыIэр ... и щIасэщ. **39**. Илъэс 17 фIэкIа мыхъуу, ЩоджэнцIыкIу Алий итха усэ цIэрыIуэ. **40**. Унэ щащIкIэ блыным зэпрыууэ тралъхьэ пхъэ гъум кIыхь.

*Зыгъэхьэзырар* **МЫЗ Ахьмэдщ.**



***ЩIышылэм и 12-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. ХьэIупэ. **3**. Джулат. **6**. Жэмыкуэ. **7**. Къэрабэ. **9**. КIанэ. **10**. Къру. **11**. Данэ. **14**. «ЛъыщIэж». **15**. Жэмыш. **18**. Дыхьэрэн. **19**. Сэ. **20**. Гъуо. **21**. ШкIэрышэ. **24**. Нахътэ. **25**. Киров. **29**. Амыщ. **31**. Умэ. **32**. Хьэсэ. **33**. Къуэладжэ. **34**. Зэрыджэ. **35**. Щэбэт. **36**. Къумахуэ.

***Къехыу:*** **1**. ХьэжыкIэ. **2**. Пщыкъуэ. **4**. Уэрэд. **5**. ТхьэлъэIу. **8**. Бру. **12**. Хьэжы. **13**. Куэсэ. **14**. Лъахъстэн. **16**. Шолохов. **17**. Хьэкъурт. **22**. КIытэ. **23**. Шхий. **26**. Къанкъуэщ. **27**. Кумб. **28**. Тэрэзэ. **30**. ЩтапIэ. **32**. Хьэрэм.

● Фигу къыдогъэкIыж

# Хъуэхъу-сэламхэр

Адыгэ хъуэхъу-сэламхэр зыбжанэу зэтегъэпщIыкIащ. Хъуэхъу-сэламыр цIыхур зэлэжьу зыпэрыт IэнатIэм теухуащ. Сэлам хъуэхъур зытыр бгъэдыхьарщ, къеIызыхыу жэуапыр зытыжыр лэжьыгъэ зыщIэу IэнатIэм пэрытырщ. Абы къыхэкIыу, адыгэм лэжьыгъэ бжыгъэм тещIыхьа тыкIэ зэхуэмыдэхэри иIащ.

Зыбгъэдыхьар вэуэ ирихьэлIамэ:

- Бов апщий! - жреIэ. Абы къикIыр - «увэм къытекIэр бэв Тхьэм ищI!» - жыхуиIэщ.

- Бэв хъун Тхьэм къуит, фIыкIэ пшхыжыну! - къыжреIэж.

Зыбгъэдыхьар мэкъу еуэу, гуэдз е мэш къихыу, нартыху къыдичу ирихьэлIамэ:

- Шхуошх апщий! - жреIэ. Абы къикIыр - «еншэу ушх!» - жиIэу аращ.

- Еншэу пшхын Тхьэм къуит! - къыжреIэж. Зыгуэр къищэхуу ирихьэлIамэ:

- Хьер пхухъу е угъурлы тхьэм пхуищI! - жреIэ.

- Хьер хъун Тхьэм къуит! - къыжреIэж.

Зэхъуэхъуар нэхъыжьмэ, «жьыщхьэ махуэ ухъу!»- жеIэри дыщIегъу.

Е ехъуэхъур нэхъыщIэмэ:

- НасыпыфIэ ухъу! - жеIэри дыщIегъу. Зыгуэр ищэу ирихьэлIамэ:

- УасафIэ тхьэм пхуищI! - жреIэ. Ари ехъуэхъуам и ныбжь елъытакIэ къохъуэхъуж.

Зыбгъэдыхьар Iэщыхъуэу е Iэщ щаIыгъ уэтэру щыт-мэ:

- Бохъу апщий! - жреIэ. Абы къикIыр - «уи Iэщыр Тхьэм пхуигъэбагъуэ, куэд Тхьэм пхуищI, - жыхуиIэщ. - Куэд хъун Тхьэм къуит! - къыжреIэж. Зыбгъэдыхьар Iуэуэ хьэмым тетмэ:

- Хьэмбов апщий! - жеIэ.

- Бэв хъун Тхьэм къуит! - къыжреIэж.

● ГушыIэ

# ДжэгуакIуэхэм я пцIы упсыкIэр

ЕУЭЩ-ЕIЭРИ, джэгуакIуэ гуп КIахэм къикIыу Къэбэрдей къэкIуэну къожьэ. Апхуэдэ зы гуп Къэбэрдейм икIыу КIахэм кIуэнуи йожьэ. Куэд якIуа, мащIэ якIуа - сытми махуэхэм ящыщу зы махуэ гуэрым а гупитIыр губгъуэм щызэIуощIэ. ЩызэIуощIэри, сэлам зэрах:

- Дэнэ фыкъикIрэ?

- Къэбэрдейм дыкъокI, КIахэм докIуэ.

- Дэри КIахэм дыкъокI, Къэбэрдейм докIуэ.

Арати, хьэщIагъэ зэрамыхыу хъунт? - еуэри, я гъуэмылэ зэхалъхьэ, я махъсымэ зэхакIэри, тхьэрыкъуэф Iэнэ пэротIысхьэ. Йошхэ-йофэ.

- АтIэ, Къэбэрдейм сыт щыхъыбар? - жи КIахэм я тхьэмадэм.

- Уэлэхьэ, ди хэку хъыбарышхуэ илъмэ, - жи Къэбэрдейм я джэгуакIуэ тхьэмадэм. - Еуэри, зы выщIэ мылъхуэс дгъашхэрт зэрыкъэбэрдейуэ, и кIэбдз лъакъуитIыр Джылахъстэнейм итрэ и кIэ бацэмкIэ нэгъуейм бадзэ яхуеуэу, и фIалъэ лъакъуитIыр къурш лъабжьэм щIэтрэ езыр Дзэлыкъуэ щехъуу. Бжьыхьэр къэсмэ, дукIыжын ди гугъэу, къыздикIари-къыздихуари дымыщIэу зы бгъэжь къытеуэри выщIэр ихьащ.

Куэдрэ уэгум уфэразэу итаи ар, выщIэр щишхын тIысыпIэ имыгъуэту, сытми зы зэман зэ къыр папцIитI къигъуэтри, а тIум яку дэтIысхьащ, зэран къысхуэмыхъуIауэ сшхынщ, жыхуиIэу. ЗыдэтIысхьар бжэным яхэт ажэжь гуэрым и бжьакъуэ зэхуакурауэ къыщIокI. А дакъикъэм уэшх къешхыу къыщIэкIынти, бжэныхъуэ Къуиижь ЦIыкIу, ажэм и жьакIэ щIагъыр гъущапIэщ жиIэри, щIэтIысхьауэ щIэсти, Iэуэлъауэ гуэр зэхихри, къыдэплъеящ. Ажэ жьакIэр зэгуихри, жьакIитI зэхуакум къыщыдэплъым, бгъэжьым выщIэ блэгъур къыщIитхъауэ ишхырти, Къуиижь ЦIыкIу щыщтэри, лъэтэжащ. Щылъэтэжым, блэгъур къыIэпохури бжэныхъуэм и нэм къыщIохуэ.

Блэгъур и нэм щIэлъу Къуиижь ЦIыкIу жэщ хъуху бжэныр игъэхъури къыдихуэжащ. Пщэдджыжьым аргуэру бжэныхъуэ кIуэну къыдокI. Бжэн къыдэзыхуахэм гу лъатэ Къуиижь ЦIыкIу нэкIэпсыжэ зэрыхъуам.

- Сыт уи лажьэ, Къуиижь ЦIыкIу?
- къоупщI и къуажэгъухэр.

- Си нэм аргъуей къыщIэхуащ.

- ДэнщыIэ! - жаIэри щIэплъэмэ, зыгуэр къалъагъу, аргъуейми емыщхьу, зэщхьри къыпхуэмыщIэу.

Церпышхуэ щагъэлъадэ, вышхуищэ щIащIэжри, выщIэ блэгъур къыщIалъэф, хьэблэр ежауэ Шэчэр Iуфэ ялъэфри, абы къыщагъанэ.

Абдежыр куэншыб идзыпIэ мэхъури щIы пшэр трещIэ, удзыпцIэ дахэ мэхъуж. АдэкIэ къиIэпхъукI, мыдкIэ иIэпхъукIыурэ зы жылэ цIыкIу къытотIысхьэ абдеж. ХъуэпсакIуэу къакIуэм къахэтIысхьэм, загъэпщкIуну къакIуэм къапытIысхьэурэ, къуажэшхуэ мэхъу. Блэгъум и кIапэр зыщIыпIэ деж къыщыщIэщырти, ар зы бажэжь цIыкIу къигъэунэхури, мэжалIэху къакIуэурэ къегъуу щIидзащ. Блэгъум бажэр къегъуху, жылэм щIыр мэхъей жаIэурэ тыхь тхьэлъэIу ящI. Бажэри етащи, блэгъур кърелъэфэкI, егъэкIэрахъуэкъегъэкIэрэхъуэж. Мэгузавэ жылэр: зэм дыгъэр къуажэ гупэм къыщыщIокI, зэм къуажэ щIыбым къыщыщIокI; зэм я псыр къуажапщэмкIэ блэж мэхъу, зэм къуажэ щIыбымкIэ щежэхыу къыщIедзыж. Гужьеиху тхьэлъэIу ящIурэ жылэшхуэр къулейсыз мэхъу.

ИтIанэ жылэ унафэкIэ уд гуэр ягъаплъэри, бажэр блэгъум зэрегъур абы къехутэ. ЩакIуибл кIуэри, бажэжь цIыкIур гъуэм къыщикIым еуэщ аби, къаукIащ. Жылэр дэкIри, бажэм и джабэ къыдэгъэзеям фэр трахри, адрей лъэныкъуэр къахудэмыгъэзейуэ къагъэнащ. Зы джабэм къытраха фэр къуажэм цIыхухъуу дэсым джэдыгурэ пыIэу яхурикъуащ.

Къуажэжьымрэ къуажэщIэмрэ яку псыр дэжти, къуажэжьым щыщу зэнысэзэгуащэ псыхьэ макIуэ, лэгъупым бжэгъу щIаури. Бажэфэ щIэлъэныкъуэр темыхыу къызэрынар щалъагъум, нысэр гуащэм йолъэIу:

- Мо бажафэ къэнэжар къытезгъэх! - жери.

Гуащэм хуит къищIри, къуажэ псом яхузэмыдзэкIа бажэр лъапэкIэ къызэридзэкIщ аби, фэм и кIапэр иубыдри, къытрилъэфащ. А бажэфэ ныкъуэр къыздихьри, илъэс мыхъуа и къуэм пыIэпхъэ хурикъуакъым. Залэ закъуэ хуэчэмти, тIыфибгъурэ ныкъуэрэ хилъхьэжри, пыIэ хъурей хуищIащ.

Ар зи нэгу щIэкIа Къэбэрдейм хьэIусыпэ зрату исыр зэхуэсауэ мазибл мэхъури, зэхэсщ зэныкъуэкъуу, дэтхэнэра абыхэм нэхъ иныр, жаIэри. ВыщIэра? Бгъэжьра? Ажэжьра? Къуиижь ЦIыкIу? Бажэра? Нысэра? И къуэра?

- Аращ ди хэку щыхъыбарыр, - жи Къэбэрдейм я джэгуакIуэ тхьэмадэм. - Иджы уэри къыджеIэ фи дежкIэ щыхъер-щыхъыбарыр.

- Ди дежкIэ щыхъер-щыхъыбарыращ, - жи КIахэм я джэгуакIуэ тхьэмадэм. - КIахэр зэрыкIахэу дызэхыхьауэ лэгъуп цIыкIу идогъэщI. А лэгъуп цIыкIум гъуаплъащIэ щий йолэжь, хъурейуэ къетIысэкIауэ. Абы къетIысэкIа щийр зым и уадэ макъыр адрейм зэхимыхыу зэпэIэщIэщ...

Ар щызэхихым, къэбэрдейм я накъырапщэр къэуIэбжьри и жьэр къыIурыхуащ:

- А гъуэгу махуэ ежьэн, апхуэдиз зинагъ лэгъупымкIэ сыт фщIэнур? - жиIэри.

КIахэм я къамылапщэр къэпсалъэри:

- Къэбэрдейм я выщIэ мылъхуэсыр иридгъэвэну арат! - щыжиIэм, мы дунейр икъутэжу дыхьэшх макъ къэIуащ.

ДжэгуакIуэхэр къызэплъэкIмэ, жылагъуэр къызэхуэсауэ къэдаIуэрт... Къэбэрдейм я пцIы кIыхьыр кIахэм я пцIы кIэщIым щIиIубауэ арат.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымы и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ щIыуэпсыр хъумэнымкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленинымы и уэрам, 33 12+

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня,** *редактору* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ, Щоджэн Заирэ, Инэрокъуэ Азэмэт,** *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 2.214 ● Заказ №42